Chechi Uye Chinhanho Chayo

Chirwere chisinganzwisisiki chine mwana anoda kurangarirwa mangwanani ano mumunamato, nokudaro tinoda kuti tose tiite izvozvo. Vana chiremba havasi kuziva. Vakapa chirwere ichi rimwevo zita, asi ndinofunga kuti vangoita rokufungidzira, ivo—ivo havazivi kuti chii. Asi, Kristu anoziva kuti chii. Ndinokwanisa kukuudzai kuti chii, dhiyabhorosi, ndizvo, ndiDhiyabhorosi. Zita ravanoda kumupa, harinei, zviri kwavari. Asi ndizvo zvaari, mweya wetsvina. Zvino, tose pamwe chete, pamwe chete iko zvino, "Only Believe," munhu wose ngaaimbe.

Only believe, only believe,
All things are possible, only believe;
Only believe, only believe,
All things are possible, only believe.

2 Ishe achakupodza, musikana. Ngatinamatirei musikana uyu patava kukotamisa misoro yedu.

3 Baba vedu vari kuDenga, zviri kuratidzika sokunge ndiri kutadza kuzvibvisa mupfungwa dzangu. Musikana muduku uyu ari apo, ari kufa, mudikanwa womumwe munhu. Chisikwa Chenyu, zvino Satani ari kuda kuba hupenyu hwake huduku. Ndinonamata kuti muZita raKristu Mubvise ruoko rworufu, bvisai muvengi. Imi, Ishe, Makakwanisa kuvhura Gungwa Dzvuku, mukapa vana vaIsraeri, nhaka yeNyu, kufamba kwakanaka vachidarika gungwa vachienda munyika yevimbiso. Mwari, tinonamata nhasi kuti Mubvise chigumbuso chose murege mwana uyu ararame. Zvakapiwa kwatiri kuti tikumbire. Zvino, seboka ravanhu vano tenda maMuri, tinokumbira muZita raJesu kuti mwana uyu apodzwe. Ameni.

4 Nhasi ndiri kuuya kwamuri nomwoyo unofara nokuti ini—ndiri kuuya kwamuri zvakare muZita raShe Jesu. Ndakurumidza kuuya kumba kubva kuLouisiana. Ndafunga kuti zvichida kana ndikakurumidza kuuya musi weSvondo usati wasvika ndaizokwanisa kupinza Svondo. Zvino kunze kwakanga kuchipisa zvakanyanya kwazvo ikoko, zvokuti isu . . . kuno uku kuri nani, kuri kutonhorera mangwanani ano kwakasiyana nokuLouisiana. Haungagari mumba yakaita seino usina feni, kuLouisina, panofanira kuva nezvinopa mhepo kana kuti unofenda.

5 Zvino ndauya kuti ndizorore kwezuva rimwe kana maviri ndisati ndaenda, kuMaodzanyemba eSaskatchewana, svondo rinouya, iri kuPrince Albert. Ndiko kunogumira migwagwa yose panyika, kubva kune rimwe divi. Unoyambuka kuenda kune rimwe divi renyika pasina migwagwa, uye kuna maIndia

namaEskimo bedzi kwatiri kuenda panguva ino. Nokudaro kunenge kuine vanhu vakawanda pamusangano uyu vanobva kose kose muCanada. Vamwe vavo vachabva kumaHombekombe okuMadokero, vakati, vari kuuya. Zvino ndinoshuva minamato yenyu imi vanhu, kuti Mwari asangane nesu atipe zvinopfuurira, zvakawanda, kumusangano mukuru uyu kuti Arumbidzwe. Pava namakore mana kana mashanu ndisati ndaenda kuCanada. Zvino ndine shamwari dzakatendeka kwazvo ikoko, vanhu vakanaka kwazvo.

6 Uye vakatendeka pakuenda kuchechi. Hazvina mhosva kuti kuri kutonhora zvakadii, vanofuka magumbeze vogara pachireyi, votyaira mabhiza kwemamaira makumi matatu, kuti vaende kuchechi. Vanofamba muchando nezvimwe zvose, vakuru navaduku. Vanoungana pamwe chete. Zvino mhuri imwe chete inoungana pamwe chete yotanga kufamba, ichienda. Ku—kuzvipira kwavanoita kunoita kuti vawane zvizhinji kubva mumusangano. Kana pasina kuzvipira, hapana zvakawanda zvaunowana. Unofanira kuita zvimwe zvinhu zvinokurwadza zvakanyanya, kuisa zvimwe zvinhu padivi worega basa, woita *izvi neizvo,* kuti uende kuchechi kuti uratidze Mwari kuti unoMuda, uye unozvipira kuti uende, ndipo paunowana chimwe chinhu pazviri.

7 Zvakafanana navana vangu. Billy Paul, ndakafunga kuti ndaizo. . . Handina kuwana chinhu pandakanga ndiri mwana muduku. Mai vaiwanzowana saga rimwe chete rezvihwitsi uye vaizviverenga, vopa zviviri kana zvitatu kuno mumwe nomumwe wedu. Dzimwe nguva paKirisimasi taiwana kapembe kaduku kana kapfuti kaduku kokutambisa, kana chimwe chakadaro. Zvino ndaiona vamwe vana vaine zvireyi namabhasikoro nezvinhu, hanzu dzakanaka namabhachi anodziya. Zvino ini—ini, zvaindiita kuti ndisanzwa zvakanaka, ndakati, "Kana ndikazova navana vangu, ndichazoita zvinhu zvose zvandinokwanisa kwavari." Zvino, ndingasarudza kusadya kuti ndigowana chokupa vana vangu. Zvino pandairarama. . . Billy paakanga ari mukomana muduku, ndakamutengera kabhasikoro kaduku, uye ndaimupa zvinhu zvose. Uye Meda aiedza zvose zvaaikwanisa, achishayiwa hanzu nezvimwe, kuti amuwanire chimwe chinhu. Asi unozivei zvatakazotanga kuona? Ndakamupa kabhasikoro kaduku, nouta nomuseve, nezvimwe zvose. Asi ndaizomuwana a—ane chipunu kana chimuti, ari kunze pachivanze, achichera pane imwe nzvimbo. Maona? Ndakati, "Vanotevera havazoiti sezvakaita uyu." Maona? Ukangopa munhu zvinhu zvose muruoko rwake, haazozvidi. Chinofanira kuva chinhu chaanozvipira pachiri!

8 Zvino ndizvo zvakaitavo ruponeso. Kuzvipira kuzere. Ndizvo zvazviri, Hama Roy. Ku—kuzvipira kwaunofanira kuita mazuva ose, chinhu chi—chinoita kuti uswedere pedyo naMwari uye kuti uite chimwe chinhu. Zvino ndinoziva kuti kuzvipira

kwenyu mose mangwanani ano, kuti mugare mumba muno muri kupisa. Asi takagara muno, ngatiisei pfungwa dzedu paChipiriso chikuru chati chambopiwa vanhu, ndiJesu Kristu Akatumwa panyika kuti azofira vanhu. Kwete izvozvo chete, asi Mweya waKe wakadzika kugehena ukagarako mazuva matatu nohusiku hutatu, asi nezuva retatu Akamuka, uye iko zvino ari kumusoro, akagara kurudyi rwaMwari, kuDenga, achireverera pakupupura kwedu kweyananiso yaKe nenyasha dzaKe dzatakapiwa.

9 Zvino uku . . . kumusoro uku kwatiri kuenda, kunenge kuna vanhu vazhinji, varombo kwazvo, varombo kwazvo, vanotengesa mombe imwe, makwai maviri kana matatu, kana chimwe chinhu, kuti vauye kumusangano. MuEskimo anotengesa mamwe amatehwe ake, aanenge achida kuti abatsire mhuri yake, kuti auye kumusangano. Mutengesi wechiIndia anoitavo zvimwe chete. Zvino, chatingaita kunamatira vanhu ava, handizvo here? Uye tinonamata kuti Mwari avape chinhu chikuru.

10 Zvino, kuri kupisa, handidi kukuchengetai nguva refu. Zvino tinoda kuti mangwanani ano tiise pfungwa dzedu, tisati tanamatira vanorwara, pamusoro wenyaya *Chechi Uye Chinhano Chayo*. Uye, zvino, ndinonzwa kuti mazuva mashoma apfuura ndakapiwa Mharidzo yokupa chechi ndiri kuShreveport, Louisiana, uye ini—ini ndinotenda kuti chinhanho chechechi. Zvino tichazotarisana naMwari nezvazvo mangwanani ano, tonamata tichikumbira kuti Mwari atibatsire. Handisi kutarisira kuitora namaparidzire mamwe chete, asi kukumbira kuti Mwari atibatsire muzuva rino ratiri kurarama. Zvino tisati . . . Iri iBhaibheri rakare, asi mariri muno Hupenyu Husingaperi.

11 Zvino rangarirai, Shoko ndiMwari, Mwari haana kusiyana neShoko raKe. Uye isu hatina kusiyana neshoko redu, zvino kana tikaita . . . Nokuti, zvino, iwe neni takasiyana—takasiyana, nokuti tino—tino kwanisa kuti, "O-o, ndichaita chinhu ichi," tinenge tichizvirevesa mumwoyo yedu, asi zvimwe zvinhu zvinouya totadza—totadza kuita zvatakataura kuti tichaita. Asi Mwari haakwanisi kudaro, nokuti haAgumirwi uye Anoziva zvinhu zvose, uye zvose zvakanga zviripo nezvichazovapo. Kana, nokudaro, haAkwanisi kutaura chinhu chaAnozotadza kuti Atsigire.

12 Zvino Abrahama, paakanga ava namakore zana, akatora zvinhu zvakanga zvisipo, sezviripo. Zvino ndiri kutaura izvi kuti ndikurudzire avo vachanamatirwa, vari kurwara. Abrahama akatora zvinhu zvakanga zvisipo, sezviripo, achiziva kuti Iye Akapa vimbiso aikwanisa kuzadzisa, kana, kuti kuzadzisa izvo zvaAkanga avimbisa. Zvino, Mwari paakaudza Abrahama, paakanga ava . . . namakore makumi manomwe namashanu, naSarah ava namakore makumi matanhatu namashanu, kuti vaizova nomwana, zvino, zvakanga zvisingakwanisiki zvachose.

Zvino akazvitenda akatanga kutarisira mwana, akaita sokunge mwana akanga atovapo kare, kwamakore makumi maviri namashanu mwana asati auya. Zvino Abrahama akanga ava namakore zana pakazoberekwa mwana, uye Sarah akanga ava namakore makumi mapfumbamwe, nokuti akaMutenda. Uye akatora zvinhu zvakanga zvisipo, sezviripo.

13 Zvino, izvi ndezvaavo vari kurwara navari kutambudzwa vachazonamatirwa. Hazvina mhosva kuti matambudziko ako akaita sei, kana uri . . . kana chingava chirwere chakadii chaunacho, kana zvakakuipira sei, kana ukagamuchira Kristu, Shoko raKe, ipapo unozodaidza zvinhu zvose zviripo, sezvisipo, kana zvichipesana neShoko raMwari. Zvino, Mwari akati, "Munamato wokutenda uchapodza vanorwara." Zvino, kana Mwari akazvitaura, zvinobva zvakwana. Zvino ngatiisei pfungwa yedu, netariro yedu, toita sokunge zvakatoitwa kare. Zvakatopedzwa kare patinozvigamuchira.

14 Ruponeso ruri nenzira imwe chete. Tinozvitenda, tozvigamuchira, tozvitenda mumwoyo yedu, tofamba tichienda pamberi paMwari togamuchira Kristu soMuponeso wedu, toMugamuchira. Kana uri pano mangwanani ano, uri mutadzi, usati waponeswa, uye uchida kupodzwa, uri kurwara, tanga watsvaga Ishe. MugaMuchire soMuponesi wako, zvino chirwere chinobva chatiza. Kana chingava chii, ingoisa pfungwa dzako dzose (zvose zvaunazvo) pano Munhu akakwana, Kristu Jesu, zvimwe zvinhu zvose zvinobva zvanaka.

15 Nokudaro chengetai pfungwa dzenyu dziri pazviri, nokuti ndataura mashoko mashoma aya nokuda kwaavo vari kurwara nokutambudzika, zvino ndichazotaura mangwanani ano pamusoro pechechi nechinhanho chayo. Nokuti kunyange ndichinzwa kuti kupodzwa Kutsvene kwakanaka kwazvo, asi pandakanga ndiri kuShreveport, ndakava nemisangano ingaita mitatu yokupodzwa pandakanga ndiriko, mitatu, kana kuti isingapfuuri, mina, kubva mumazuva gumi nerimwe atakanga tiriko. Zvinekodzero yakanyanya kuti tiparidzire kumweya yavanhu pane kuti tipedze nguva yakareba pakupodzwa Kutsvene. Kunyange vanhu vanorwara vane zvavanenge vachida, Mwari anokwanisa kuvapodza. Zvino zvakatosimbiswa pasi pose, kuti Anopodza. Asi chinhu chikuru, zvino, kumweya usingafi. Mutumbi unofa. Asi mweya haufi, zvino tinofanira kuuchengeta wakanaka uye wakarurama panaMwari.

16 Ndinosimbotaura izvi. Ndinoda kuti zvinhu zvose zviitwe, uye kana ndasvika parwizvi mangwanani iwayo, handidi dambudzikopo. Ndinoda kuva netikiti rangu muruoko rwangu, ndakamirira zita rangu. Uye ndinoda kutaura, saPauro wakare, Hama Creech, "NdinoMuziva musimba rokumuka kwaKe." Kuti kana Wodana vakafa, ndinozomuka kubva muguruva. Ndinoda kuMuziva musimba rokumuka kwaKe.

17 Nokudaro, zvino, Iye Ari Munyori weBhuku, ngatikotamisei misoro nomwoyo yedu kwaAri kwekanguva.

18 Zvino, Mwari, Baba vedu, tinouya kwaMuri iko zvino, tichikumbira kuti Muzarure Shoko reNyu kwatiri. Tingazarura mapeji, asi Mweya Mutsvene chete ndiwo unokwanisa kuzarura Shoko. Zvino Rizarurei kwatiri mangwanani ano, Baba, uye mutipe zvakawanda zvenyasha dzeNyu. Tinomirira kwaMuri. Zvino dai Mweya Mutsvene wauya muShoko, waRipa kubudikidza nemiromo yavanhu kumwoyo yavanhu, uye dai Aritora nokuRiisa mumwoyo womumwe nomumwe sezviri kutsvagwa. Zvino kana musangano wapera, tinenge tagadzirira kudzokera kudzimba dzedu, tinozokotamisa misoro nokuzvininipisa nokupa kwaMuri kutenda nokurumbidza, pane zvose zvatinenge tadzidza kubva kwaMuri nezvamunenge Matiitira. MuZita raKristu tinozvikumbira. Ameni.

19 Tichaverenga Shoko, muna Johane, chitsauko 1, kunemi muna maBhaibheri uye muchida kuverenga neni kana kunyora gwaro racho pasi. Uye tichaverenga nyaya yacho kubva muShoko, uye tozonamata, kuti Mweya Mutsvene uratidze kubva muShoko kuti utipe zvazvinoreva. Tinokwanisa kuRiverenga, isu tinokwanisa kuverenga tinokwanisa kuRiverenga asi Mwari oga ndiye anokwanisa kuratidza zvazvinoreva. Zvakanyorwa zvinokwanisa kuverengwa, nokuti Zviri muShoko raKe, asi zva—zvazvinoreva zvinopiwa naMwari. Zvino, muna Johane, chitsauko 1, ngatitangire pandima 28 tiverenge kusvika pandima 32, pose.

> *Izvozvi zvakaitwa . . . mhiri kwaJoridhani, kwaibhabhatidza Johane.*
>
> *. . . ava mangwana wakavona Jesu achivuya kwaari, akati, Tarirai Gwayana raMwari, rinobvisa zvivi zvenyika.*
>
> *Ndiye wandaireva ndichiti, Shure kwangu kunovuya murume wakava'po mberi kwangu: nokuti wakanditangira.*
>
> *Neni ndakanga ndisingamuzivi: asi* iye *. . . asi ndizvo zvandakavuyira, ndichibhabhatidza nemvura, kuti a . . .* avoneswe *kuvaIsraeri.*
>
> *. . . Johane akapupura, akati, Ndakavona Mweya achiburuka kudenga senjiva, akagara pamusoro pake.*

Ndinoda kuverenga izvi zvakare, ndima yokupedzisira, ndima 32.

> *Johane akapupura akati, Ndakavona Mweya achiburuka kudenga senjiva, akagara pamusoro pake.*

20 Zvino dai Ishe awedzera maropafadzo Ake paShoko. Ndinoda kuti muedze ku—kubata Shoko rose kana muchikwanisa. Muri kundinzwa here kumashure? Zvakanaka,

muri kundinzwa here kumashure? Kana muri kundinzwa, simudzai maoko enyu. Zvakanaka.

21 Zvino, ndinoda kutaura nemi mangwanani ano no—nomufananidzo, nenzira yokuti—yokuti munhu asingazivi chinhu pano akwanise kunzwisisa. Zvino, tinouya kuchechi kuti tive nani. Tinouya kuti tizova vanhu vari nani, maKristu ari nani, vagari vomunyika vari nani, madzibaba ari nani, madzimai ari nani, vavakidzani vari nani. Tinouya nokuti Kristu akatiudza kuti kana tikauya, tikakumbira chinhu chipi muZita raKe, patinenge takaungana pamwe chete tiri vaviri kana vatatu, anenge Anesu uye anozotipa zvatinenge takumbira. Zvino, chii chingadarika kuziva, chingava nani kwatiri nhasi kupinda kuziva kuti tinouya kuchechi kuti tive vanhu vari nani, kuti tipamidzire kunzwisisa kwedu. Vangani vangati, "Ndizvo zvandiri kutsvaga pano"? Ngationei. "Ini ndi—ndinoda kunzwisisa kuri nani." Zvino isu hati—hatikwanisi kuva nokunzwisisa kuri nani kusiya kokunge . . . Zvino kana tichazova nokunzwisisa Mwari, kunofanira kubva muShoko raMwari, nokuti Shoko ndiro ratakapiwa naMwari kuti tidye pariri tigogutisa mweya yedu ine nzara. Zvino Mweya Mutsvene wakatumwa kubva kuna Mwari kuti utore Shoko raMwari uye kuti utigutse neShoko. Mazviona here? Maona, isu . . . Mweya Mutsvene unotumwa kubva kuna Mwari, kuti utore Shoko raMwari uye uRipe kwatiri pane zvatinenge tichida. Zvino, ndinofara kwazvo kuziva kuti Mwari akatipa zvinhu zvakadai. Hamufarivo here? Kuti Aizotipa chikafu.

22 Tiri makwai amafuro Ake. Tichataura pamusoro pazvo kwenguva pfupi, makwai. Tiri muhutatu hwaMwari, zvino kana Akakwanisa kutitonga zvizere Anozokwanisa kutitungamirira.

23 Zvino, zvakafadza Mwari, kuti paAkatumira Jesu panyika, zvakaMufadza kuti Afananidzwe nemhuka, uye mhuka iyi yaiva gwayana. Pakutanga, muBindu reEdheni, mumumvuri wokuuya kwaJesu, Mwari akapirisa gwa—gwayana kuti rifanomirira somumvuri wokuuya kwaKristu. Zvino, ndaimboshamisika kuti sei Mwari akafanoratidza Kristu sechipfuvo, semhuka. Asi takazoona kuti Gwayana, chikonzero Akasarudza gwayana, gwayana ndiro rakanyorova nokupfava kudarika zvisikwa zvose zviri panyika. Hapana chinhu chakanyorova nokupfava segwayana duku, harina mhosva, harinzwi kuzvikwanira pacharo. Ha—harina kusindimara. Rakapfava, uye chisikwa chiduku chakanyorova. Zvino Mwari paakaratidza Kristu mumufananidzo kunyika, Akamufananidza negwayana.

24 Zvino, asi Mwari, Mwari Baba, Jehovha, paAizozviratidza mumufananidzo kubva kuDenga, Akazvifananidza neshiri yakanyorova, inozvininipisa pane dzose dzinobhururuka mudenga, iyi, injiva. Hapana shiri yakapfava senjiva. Ndakaverenga chaizvo pamusoro pohupenyu hweshiri nemhuka dzomusango, zvino njiva ishiri yakasiyana neshiri dzose

dzinobhururuka. Njiva ino—no—no rudo. Njiva yakapfava, uye njiva haina nduru, ndiyo shiri yoga isina nduru. Ndicho chikonzero usingaone njiva pose pose kusiya kwapane zviyo nembeu.

25 Zvino, muareka, makanga mune njiva. Zvino njiva ino wanikwa munzvimbo dzakawanda muBhaibheri. Mufananidzo woMweya Mutsvene. Zvino gwayana rinowanikwavo munzvimbo dzakawanda muBhaibheri, saKristu, muna Zvakazarurwa, kusvika kuna Genesisi, nenjiva zvakare.

26 Zvino muBhuku raGenesisi, njiva yakanga iri muareka, yakagara imomo ne—nedzimwe shiri dzose; zvino imwe yeshiri idzi raiva savara, gunguvo. Zvino gunguvo ndiyo imwe yeshiri dzakaipisisa, gunguvo nekorera, ndinofunga, ndidzo dzimwe dzeshiri dzaunokwanisa kuwana dzakaipisisa. Gunguvo rinorarama kwenguva yakareba kwazvo, rinorarama kwazvo (vanoti) zvichida, dzimwe nguva, kwamakore mazana maviri kana mazana matatu, zvino gunguvo . . . Parrot inorarama kwenguva yakareba kudarika iyi.

27 Asi njiva ndiyo mhuka yoga kana kuti imwe shiri yoga isina nduru. Zvino, gunguvo rinogona kugara apo rodya chitunha. Haumbooni njiva iri pachitunha. Haikwanisi kuzviita. Kunhuhwa kwacho mumhino dzayo, haingakwanisi kumirapo. Zvinoirwarisa. Haikwanisi kudya chinhu chinenge chava kuipa, chava kuora, haikwanisi kuzviita, haikwanisi kuzvidya. Kana ikadya, zvinobva zvaiuraya pakarepo, nokuti chinogaya chikafu induru inoyerera ichipinda muhura ndiyo inogaya chikafu ichi. Zvino kana pasina nduru inosangana nacho, zvinozouraya njiva. Nokudaro nguva dzose unowana njiva pane chinhu chakachena, chinhu chakanaka.

28 Zvino, gunguvo rakasiyana. Zvino, cherechedza kuti gunguvo mufananidzo womunyengeri. Gunguvo rinogona kugara pa—pachitunha pamadiro, robhururuka roenda mumunda wezviyo, rodya zviyo zvakare. Asi njiva haikwanisi kudya zviyo yobhururuka ichienda kuchitunha zvakare.

29 Zvino, munyengeri, munhu anenge ari munyengeri anokwanisa kudya zvinhu zvomweya, zvinhu zvakanaka nezvinhu zvakaipa. Asi muKristu akaberekwa patsva haakwanisi kutora zvinhu zvakaipa, anokwanisa kungodya zvinhu zvakanaka chete. Cherechedzai izvozvo! Ukaona munhu anokwanisa kuenda kudhanzi, oenda kundonwa, oenda kundorarama muchivi, odzoka kuchechi uye zvichida odanidziravo sezvingangoita mutsvene, chii, munhu anongomedza zvose zvose, anokwanisa kudya zvinhu zvakaora nezvinhu zvakanaka. Asi muKristu chaiye haakwanisi kuita zvinhu izvi zvakare, nokuti akabva murufu ava muHupenyu. Uye pakarepo zvinozomupomera, kungofunga zvinhu zvakadaro

chete, zvinomupomera kusvikira anobva atendeuka ozvisiya. O-o, mufananidzo wakadii!

30 Zvino, gwayana rakapfava kwazvo. Harikwanisi, harikwanisi kuzvibatsira pacharo. Harizvimiriri roga, nokuti harikwanisi kuzvibatsira roga. Nguva yapfuura pandakanga ndichipfuura nomumafuro mandaisifamba, zvino ndakawana gwayana duku, uye mamwe ose akanga arisiya riri roga, uye rakanga ramoneredzwa newaya ine minzwa. Zvino gwayana iri rakanga rakarara ipapo, richibuda ropa richichema. Zvino ndakasvika ipapo ndikaona nechokure kubva pandaiva, paisvika hafu yemaira, kwaiva nedanga rose ramakwai. Zvino, dai rakaramba rakarara ipapa makunguvo aiuya otanga kuridya maziso dai takanga tisina kuribvisa ipapo. Asi ndakasunungura gwai iri, ndikaritakura mumaoko angu. Harina kuramba. Rakaramba rinyerere. Ndakaritakura mumaoko angu. Kokutanga—nguva yokutanga, zvichida kutakurwa nomunhu, asi rakaramba rakapfava. Rakanga richida kutungamirirwa. Rakanga richida kubatsirwa. Ndinofunga kuti muri kuzviona. Rakanga richida harina kuedza kurwisa kana kukava, kana kuruma. Makwai haakavi, haarumi; anozvininipisa. Zvino gwai iri, ndakaritakura ndikandoriisa kwaiva namamwe makwai ose. Mumaminetsi mashoma mai wegwayana iri vakariwana, rakafara kwazvo! Zvino, zvino fananidzira sei Gwayana raMwari!

31 Munoziva, pavanoenda kundouraya gwai, munoziva here chinotungamirira gwai kundourawa, imbudzi. Asi mbudzi inotungamirira gwai kusvika parinochekerwa, zvino, nguva inosvika gwai parinochekerwa, mbudzi inosvetukira kunze. Asi, o-o, vanoti, pavanenge vava kuzouraya mbudzi, inorwisa kwazvo. Maona?

32 Zvino ndizvo zvinoitwa naDhiyabhorosi. Anoedza kutungamirira vana vaMwari kusvika panzvimbo yakaoma, asi kana nguva yokuti afe yasvika, anorwisa kwazvo. Ndizvo zvinoitwa naDhiyabhorosi. Zvino ndizvo zvinoitwa dzimwe nguva, nomusikana anoratidzika zvakanaka kana mukomana ane mano, anenge ane paketi yefodya nebhodhoro rewisiki, anotungamirira musikana kubva munzira kwayo, gwayana, nomwana womumwe munhu, kutungamirira kunzira isiri iyo. “O-o, zvakanaka. Hapana chinhu chakanaka pane izvi zvokuenda kuchechi.” Asi rega rufu rusvike pamukomana uyu, unomunzwa ava kuchema, achidanidzira nyika yose. Zvino ndizvo zvinoitwa naDhiyabhorosi.

33 Asi gwayana rakapfava, zvokuti rinokwanisa kutungamirirwa. Uye ndicho chikonzero Mwari akafananidzira Kristu seGwayana, uye Iye seNjiva. Zvino pazuva rakabhabhatidzwa Jesu naJohane parwizi rweJoridhani, chimwe chezviitiko zvikuru chati chamboitika, chakaitika ipapo. Cherechedzai kuti zvakanaka sei! Gwayana, rakanyorova

kudarika zvisikwa zvose zviri panyika, neNjiva, yakanyorova kudarika shiri dzose dzomuDenga. Zvino, ndiyo yaiva nzira yoga yokuti zvibatane. Ndiyo nzira yoga yokuti Njiva iuye paGwayana. Zvino, Njiva payakadzika, Johane akaona Jesu, akati, "Tarirai Gwayana raMwari rinobvisa zvivi zvenyika." Zvino Johane akati, "Ndakavona, Mweya achiburuka kudenga seNjiva, ukagara pamusoro paKe." Hareruya! Hezvoka. Njiva neGwayana zvakabatana pamwe chete. Ndipo Mwari noMunhu pavakazova chinhu chimwe chete. Ndipo pakambundirana Denga nenyika. Hareruya! Ndipo pakaitwa Mwari nyama, akazviunza, ndipo apo Mwari akaburuka kubva muchinhano choMweya akava Munhu akagara pakati pedu. Ndipo pakabatana Zienda nakuenda rose. Ndipo pakabatana rudzi rwavanhu vaAdhama naJehovha Mwari nengirozi dzose, pakaitwa Mwari nomunhu chinhu chimwe chete, muzuva guru iri rinorangarirwa pakabhabhatidzwa Jesu naJohane.

Zvino, dai paiva negava? Njiva inorira zvinotapira ingadai isina kumbomira negava.

34 Chii chinganakidza sokunzwa njiva dzichiimba panguva dzamanheru? Mushure mokunge mudzimai nomwana wangu vafa. . . Ndakanga ndisingadi kuti pawane munhu aiziva zvandaiita. Ndaipinda mumotokari yangu, ndodhiraivha motokari yangu ndodimbura nzira, ndoenda kumakuva eWalnut Ridge, ndogara pasi pomuti ndakatarisa kuguva. Ndakanga ndisingachakwanisi kusavafunga. Zvaiita sokunge ndakanga ndisingachakwanisi kuzvitakura. Ndakaviga mwana wangu muduku, akanga akavigwapo, aiva nemwedzi misere. Asimbosimudza maoko ake maduku achida kundibata, uye ndairidza bhero kwaari, iye woti "goo-goo," osimudza maoko ake maduku. Zvino ndaigara pasi pomuti, kunyanya pakunenge kwava kuita manheru. Zvino paiva nenjiva yaiuya yomhara mumuti, yotanga kuimba. O-o, imiwe! Ndaimbofunga kuti pamwe mweya womwana wangu uri kuda kuuya kuzotaura neni. Hapana chinhu chinotapira sokurira kwenjiva. Ino rudo! Inounza nhau. Uye inoedza kuti pave norugare! Ndaimuka mangwanani ngwanani, ndoenda kumasango ari pedyo nepandinogara, uye chinhu chinopa rugare sei kuterera! Njiva dzaigara mumuti mukuru wakareba, dzichirira imwe kune imwe.

35 Rimwe zuva, ndiri kweHama Cox, imwe njiva yakanga ina manyana maviri. Zvino akanga ari pamusoro pemba, kuti asabatwe nekatsi. Zvino njiva iyi yaiapa zvokudya. Zvino yakabva ipapo ikaaita kuti auye mumuti, zvino akagara imomo akazemberana, achiimba achifara, zuva rose, manyana maviri, manyana maviri enjiva akapfava.

36 Zvino ndakafunga pamusoro paMwari, (njiva ishiri yakanaka kwazvo) uye Njiva, Mwari, achida kuita rudo navanhu vaKe. Mwari anoda kudiwa. Mwari anoda kukuratidza

rudo. "Nokuti Mwari wakada nyika nokudaro, kuti Akapa Mwanakomana waKe wakaberekwa mumwe woga, kuti ani nani unotenda kwaAri arege kufa, asi ave noHupenyu husingaperi." Ishe ngaarumbidzwe! Zvino Mwari, achida kuratidza rudo, Aifanira kuva . . . kuita chimwe chinhu chaangaratidza rudo. Aifanira kuita chimwe chinhu chakapfava saIye. Aifanira kusika chimwe chinhu chaangada. Aifanira kusika chimwe chinhu chino Hunhu hwakafanana nohwaKe.

37 Haungadi chinhu chino hunhu hwakasiyana nohwako. Rudo runofanira kubatana norudo. Murume nomudzimai vanofanira kudanana, kana vachazosvika pachiero. Mhuri inofanira kudanana, kana ichazosvika pachiero. Chimwe chinhu chinofanira kuratidzwa rudo! Unotsvaga kose kose, uchitsvaga musikana anozova mudzimai wako waunoda. Anotsvaga, kutsvaga murume waanokwanisa kuda.

38 Zvino Mwari anotsvaga, achiedza kutsvaga munhu waangada. Zvino, Akazvifananidza Iye pano panyika neNjiva yakapfava neGwayana rakapfava. Dai Gwayana iri pane imwe nguva rakatora hunhu hwegava, Njiva iyi ingadai yakatiza pakarepo, ingadai yakatiza.

39 Asi iro—iro—gwayana harishandisi pfungwa dzaro. Gwayana rine humwe hunhu, kana rikarashika, rinobva rarashika zvachose. Gwai kana rarashika harikwanisi kudzoka. Ndicho chikonzero mbudzi ichiritungamirira kurufu. Harikwanisi kudzoka, gwai rinenge rarashika. Ndicho chikonzero Mwari akatifananidza namakwai. Kana tarashika, tinenge tarashika. Hapana nzira yokuti tidzoke toga. Zvino pane nzira imwe yokudzoka nayo, ndiko, kuzviisa pasi poMufudzi weboka, uye Iye anozotungamirira.

40 Zvino, pandinocherechedza Gwayana iri negwai pamwe chete . . . kana kuti, Gwayana neNjiva, pamwe chete, zvinoita chinhu chimwe chete. Zvino tarisa uone kuti Njiva yakatungamirira sei Gwayana, Mwanakomana waMwari. Akanga Akapfava sei, achiziva kuti Ari kuenda kundourawa. Akanga Akapfava, nguva dzose asingaedzi kuzviitira pachaKe, akanga asinganzwi kuzvikwanira pachake. Akati, "Hapana chandinoita kunze kokunge Baba vandiratidza kutanga, uye Baba vanogara maNdiri."

41 Zvino, gwayana rino humwe hunhu, gwayana rinobvuma kusiya mvumo dzaro. Zvino, Mwari anoda kuti tive segwayana, asi pane nguva dzakawanda dzatisingadi kusiya mvumo dzedu, kuisa mvumo dzedu parutivi. Vazhinji vanoti, "Zvino, ndine mvumo, Hama Branham." Ichokwadi, asi uri kuda kusiya mvumo dzako here? Uri kuda kusiya mvumo dzako here, kuti Mwari akutungamirire? Ndiro dambudziko rine machechi edu nhasi, mazhinji avo, kuti hunyoro hweGwayana raMwari . . . Tinofanira kuva segwayana, takava zvimwe zvose kusiya kokuva

segwayana. Zvino ndicho chikonzero, patinoita matarisiro akadaro, Njiva yoMweya Mutsvene inobva Yatiza.

42 Dai Gwayana raMwari rakatanga kuganya segava, kana kuita zvimwe zvinhu zvinopesana nohunyoro hweNjiva, Njiva ingadai Yakatiza. Ingadai yakabva pakarepo.

43 Zvino ndicho chikonzero nhasi tiri kushamisika, "Chii chakakanganisika nechechi yePentekosti?" Chikonzero ndechokuti takatora hunhu husiri ihwo. Takatora hunhu hwokuti, "Tinoda mvumo dzedu. Tichaita zvatinoziva kuti ndizvo zvakanaka kuti zviitwe." Zvino tinotanga kusindimara. Tinotanga kumukira. Tinotanga kushaya hanya. Tinorega hasha dzichiuya. Tinorega hundini huchiuya.

44 Gwayana, kana nguva yasvika . . . Rina makushe aro, ndiyo mvumo yaro. Rina makushe aro, asi vanotora gwayana voriisa panoveurirwa, vorisunga makumbo. Harikavi, hariiti nharo. Unongoritorera mvumo dzaro, nokuti igwayana. Hapana zvimwe zvarinokwanisa kuita, nokuti ndihwo hunhu hwaro. Asi imwe nguva imboshatirisa muKristu, unozoziva kuti igwayana here kana kuti imbudzi. Unozoziva zvaari, kana wamushatirisa. Zvino ndicho chikonzero machechi ari muchinhanho chaari.

45 Takazvidaidza kuti makwayana aMwari. Varume navakadzi, pamwe chete, takazvibata nenzira dzimwe dzose asi kwete zvinoitwa namakwai aMwari. Vatarise kana vachifamba mumugwagwa, nevhudzi rakagerwa, nevhudzi rakamonwa. Zvino makore mashoma apfuura, vaiti . . . iwe, ivo . . . wakanga usingakwanisi kuvabhadhara kuti vaite izvozvo. Zvino unoshamiswa kuti sei chechi iri muchinhanho chairi machiri, chikonzero ndechokuti makatora hunhu hwemhumhi kana hwembudzi, pano kuti murambe muri vanhu vane hunyoro hwakapfava. Zvino mungati, "Imvumo yangu, Hama Branham." Ndinoziva kuti imvumo yako. "Vageri vevhudzi vanoita basa ravo. Zvino kana vageri vevhudzi varipo vachigera, handibvumidzwi kugerwa here?" Zvakanaka, imvumo yako yomuno muAmerica. Asi uri kuda here kusiya mvumo iyi, kuti uve gwayana? Unoda kusvipira here?

46 Zvino imi madzimai, nguva shoma yapfuura, maifamba mumugwagwa . . . Zvinonyadzisa kutarisa mapfekero anoita vakadzi nhasi. Zvino handisi kutaura pamusoro pamaPresbyteriani kana maMethodisti, ndiri kutaura pamusoro penyu imi madzimai ohutsvene. Uchifamba mumugwagwa, uye zvava . . .

47 Ndina kamuchinjikwa kaduku kakarembera mberi mumotokati yangu, zvino mumwe akati kwandiri, akati, "Billy, unoziva here kuti mufananidzo wechiKatorike?"

48 Ndikati, "MaKatorike akawanepi mvumo yokuva ivo bedzi vanosevenzesa muchinjikwa?" Kwete! Hachisi chiratidzo chokutenda kweKatorike; chiratidzo chokutenda kwechiKristu.

Kutenda kwechiKatorike ndokomutsvene akafa, kwaMaria kana—kana mumwe munhu akafa wavanonamata. Hatinamati vanhu vakafa. Hatinamati Cecelia navamwe vose vatsvene ava. Ndicho chiKatorike, kunova kunamata kukuru kwezvemidzimu. Asi muchinjikwa unomiririra Iye Akafa akamuka zvakare.

49 Zvino ndakati, "Ndinochengeta muchinjikwa uyu uripo, pandinenge ndichitarisa mumugwagwa. Makore makumi maviri namashanu apfuura, kana kuti makumi matatu, pandakanga ndava kuda kuita bofu, ndakavimbisa Mwari kuti kana Akapodza maziso angu ndaizotarisa pazvinhu zvakanaka." Zvino ndakati, "Kose kose kwandinotarisa, kuna madzimai, asina humwari asina kupfeka zvakakwana, uye madzimai asina kupfeka akazvambarara pose pose. Ndinotarisa kumuchinjikwa pano kutarisa kune izvozvo, ndichirangarira kuti Kristu akandiitirei, ndichitendeutsa musoro wangu kubva kuzvinhu izvi . . . zviri zvaDhiyabhorosi." Hareruya!

50 Zvino imi, vanhu, musataura kuti "MaPresbyteriani, maKatorike," maPentekosti! Ameni. Munoti, "Ndine mvumo yokudaro, Hama Branham." Ndizvo, asi dai wanga uri gwayana, waisiya mvumo dzako. Zvino paunoita saizvozvo, Mweya Mutsvene, Njiva yakapfava, inobva Yatiza pakarepo. Haizonyadziswi newe. Kwete, kwete. Usafunga kuti unoita zvinhu zvakadaro woramba uno Mweya Mutsvene. Haukwanisi kuzviita! Bhaibheri rakataura kudaro. Unofanira kusiya . . . Zvino, unoti, "Mamwe madzimai ose ari kuzviita."

51 Zvino iwe murume, anonzwisa tsitsi, muduku, asina kusimba, anoita somudzimai, iwe, unorega mudzimai wako achiita zvinhu zvakadaro, zvinoratidza zvawakaumbwa nazvo. Ndicho chikonzero usina Mweya Mutsvene sokutaura kwaunoita kuti unawo, kana kuti ungadai une chimwe mauri chaikwanisa kumuita mudzimai kwaye pose paanenge achigara newe, zvakadaro. Ameni. Izvi zvinoita sokuparidza kwakare, kunorwadza. Asi ndizvo zvinodiwa nechechi nhasi, kuparidza kwakare, Mweya Mutsvene uchigeza, nokuyanika, uchitwasanudza, uchiruramisa, iwo Mweya Mutsvene. Chokwadi!

52 Chinhanho chakadii chapindwa nenyika! Kuti vanofamba mumugwagwa vachienderera mberi! Vanotarisa terevhizhoni nomusi weChitatu manheru, asi vasingadi kuenda kuchechi! Uye kuti, zve, hapana mwana munyika muno . . . vose vanoziva kuti David Crockett ndiani. Nenhema dzinotaurwa, dzokuti akauraya bere ana makore matatu, munoziva kuti inhema, asi munorega vana venyu vachizadzwa pfungwa dzavo nezvinhu zvakadaro. Zvino hapana mumwe chete kubva muzana anoziva pamusoro paJesu Kristu. Chikonzero ndechokuti nyika ino yasvibiswa! Nyika ino, inonyadzisa kwazvo uye iri kure kwazvo naMwari, yakaramba Mweya Mutsvene.

53 O-o, unoti, "Ndinoenda kuchechi uye ndinodanidzira." Unogona kudaro. Asi, kusvikira Gwayana rakanyorova raMwari ragara mumwoyo mako, richiita kuti uchenese hupenyu hwako nokuzvibata somunhu akashandurwa, hazvikubatsiri kutevedzera chiKristu. Unofanira kuva nacho. Ameni.

54 Ndakaenda kune imwe imba pano nguva shoma yapfuura, ndichishanyira murume airwara, zvino mumwe mudzimai akanga akarara imomo, akagara imomo. Zvino kamwe kaOswald kakapindamo, kakapfeka heti parutivi mumusoro, kakati, "Mai, mabika here chikafu?"

55 Vakati, "Mudiwa, hatina kukwanisa kuwana nguva" vakati "yokuti tibike chikafu mangwanani ano." Vakati, "Ndiri kukugadzirira sangwenji," vakati, "pane maranjisi."

56 Akaenda akandonhonga ranjisi, akaritarisa, akariruma, akaripotsera kumadziro nesimba rake rose, muto ukatanga kuyerera uchidzika, akati, "Kana zvirizvo zvamunazvo chete panzvimbo ino, zvino ndava kuenda," saizvozvo.

57 Ndakafunga, "O-o Mwari, anofanira kuva wangu kwamaminetsi mashanu!" Hama, ndaizomubvisa ganda sezvaasati amboitwa! Asi ivo vakangogara ipapo, vachimunzwira tsitsi nokumunyengetedza. Zvaanoda kurohwa kwakanaka kwakare kunosvuura ganda. Ndizvo zvatinoda, dzimba dzakare zvakare, navaparidzi vanomira seri kwepurupiti vachiparidza Chokwadi, vachiChiisa paChinofanira kuiswa. Ameni. Ndicho chokwadi. O-o, imiwe!

58 Maria muduku achiita mutsindo, achifamba akamisa mhino mudenga nemiromo yakatsvuka seruva (yakazorwa zvinhu zvakagadzirwa kwaMax Factor) akasimudza mhino yake mudenga, akasimudza musoro wake achifamba achibuda mumba. Zvinonyadzisa sei! Vana vava kusaterera zvakadii! Bhaibheri rakati vachadaro. Gwaro rakati vachadaro. Mazvibatiro avaizoita, nezvavaizoita, nezvinhu zviri kuitika munyika nhasi, chikonzero ndechokuti vakachemedza Mweya Mutsvene.

59 Makore mashoma apfuura. Ndichaenda mumazuva mashoma ari kutevera kundopemberera kuuya kokutanga koMweya Mutsvene muAmerica, makore makumi mashanu kubva pane rino, mumusangano womuMugwagwa unonzi Azusa, musangano wepentekosti muLos Angeles, pakatanga kuuya Mweya Mutsvene, vanhu pavakaungana pamwe chete. Kristu paakauya muvanhu ava, vakanga vari vanyoro uye vakagadzikama. Vairarama hupenyu huno humwari. Vairarama hupenyu hwokuzvipira. Vakanga vachida kusiya mvumo dzavo. Vakanga vachida kutungamirirwa noMweya Mutsvene. Vakanga vasina hanya nezvaitaurwa navanhu, vaiva "vanhu vakare," kunyange vakataura kuti "vanopenga" kana chingava chii, vakanga vachida kutungamirirwa noMweya Mutsvene.

60 Asi, nhasi, o-o, ini zvangu, neponzi uye nebhokisi rezvokuzora, uye vakapfeka zvikabudura, vari mumugwagwa, zvino, zvinonyadzisa! Uye vachizviti, "vano Mweya Mutsvene." O-o, unoti, "Asi ndakataura nendimi." Hongu, Dhiyabhorosi anotauravo nadzo, zvakare. "O-o, ndakadanidzira." Zvino Dhiyabhorosi anodarovo, zvakare. Dhiyabhorosi anokwanisa kutevedzera zvose zvina Mwari, kusiya kworudo, haakwanisi kutevedzera rudo. Hongu.

61 Zvino, chinhu chokutanga munoziva, pamakatanga kuita zvinhu izvi, makaregedzeka, mukatanga kurerutsa, muchechi mukatanga kuva namapoka maduku, pakatanga kuva namapoka pakati pavo, uyu akati, "Munoziva, mufudzi wedu *akadai*," kana kuti "mudhikoni wedu *akadai*." Zvino, chinhu chokutanga munoziva, makaterera kuna izvozvo! Zvino ndicho chikonzero muina matambudziko akawanda, nokuti makatanga kuterera kuna Dhiyabhorosi, mukakanganisika pano kuti muterere kuNjiva yakapfava, Mweya Mutsvene, Njiva yaMwari inokwanisa kukutungamirirai, nokukudai nokukuropafadzai.

62 Panguva yaunotanga kuita hasha, Njiva inotiza. Ndizvo. Haikwanisi kumira. Hunhu hwayo hwakasiyana. O-o, haikwanisi kumira pakadaro zvachose. Zvino kana watanga kureva muvakidzani wako, haIkwanisi kumira pane zvakadaro, haIkwanisi kutakura izvi. Inotiza Yoenda. HaIkwanisi kumira zvachose. Njiva yakapfava. Njiva yakanyorova, uye Njiva, uye—uye haikwanisi kumira pane chinhu chinenge chisina hunhu hwayo.

63 Zvino, Mwari anokwanisa kukupa hunhu hwakasiyana, murume kana mudzimai, Anokwanisa kukupa hunhu hwakasiyana. Zvino unoti, "Zvino, Hama Branham, toita sei pamusoro pazvo?" Iva gwayana zvakare. Pano hunhu huviri hunokwanisa kufambirana pamwe chete, hunhu hwenjiva nohwegwayana. Njiva haiuyi pane chinhu chisiri gwayana. Zvino kana wakaita sembudzi, bvisa mweya wembudzi pauri. Ndizvo. Kana wanga wava chimwe chinhu, chibvise pauri, kana wanga watanga kureva vamwe.

64 Pano imwe nguva, ndakaparidza zvakasimba sokuparidza kwose kwandaikwanisa mune rimwe guta, zvino ipapo pakanga pane zvuru zvavanhu. Ndakadana vanhu kuartari. Ndakafunga kuti ndakanga ndaparidza chivi chose, ndakataura zvose zvandaikwanisa kufunga. Husiku ihwohwo musangano wapera, mumwe mukadzi wechidiki akauya, akati, "Zvino, Hama Branham, chokwadi ndiri kufara kwazvo kuti hamuna kuparidza nezvangu husiku hwanhasi."

Ndakafunga kuti, "Anofanira kunge ari muKristu chaiye."

Akati, "Hamuna kumbondibata husiku huno."

65 Ndakati, “Zvino, ndinofara kwazvo kunzwa izvozvo, hanzvadzi, unofanira kunge uri pedyo noHumambo hwaMwari.” Zvino akafamba achibva pandaiva.

66 Pakanga paino mumwe mukadzi akanga akamirapo. Ini ndikati, “Imi, munoziva mukadzi uyu here?”

“Hongu.”

Ndikati, “Anofanira kunge ari muKristu chaiye.”

67 Akati, “Chinhu chimwe chete chamusina kutaura husiku huno, Hama Branham, makuhwa. Anotaura makuhwa zvakanyanya munyika ino.” Wazviona, ndizvo, maona.

68 Asi kana wasvika pane zvinhu zvakadai, hazvina mhosva kuti muparidzi azvitaura papurupiti here kana kuti kwete, kana uchiona zvinhu zvenyama izvi zvomunyika, uye iwe uchiwadzana nazvo, uri kure naMwari, uye Mweya Mutsvene unogara uri kure newe. Ndicho chikonzero misangano isiri kuita sezvayaiita kare. Ndicho chikonzero kunamata kwakare kusiri muTabhernakeri mangwanani ano. Ndicho chikonzero misangano mikuru yamatende isimo munyika, chikonzero ndechokuti takachemedza Njiva yakapfava yaMwari. Ndizvo. Haingagari nesu kana tichishaiwa hanya, tichirevana, “Tinoda nzira yedu!”

69 Zvino, ndinoda kuti mucherechedze, gwayana rakanga riri gwayana rakanyarara. Bhaibheri rakati, “HaAna kushamisa muromo waKe. Segwai pamberi pavavevuri, Akaramba anyerere.” HaAna kushamisa muromo waKe. Akanga ari munhu akanga asingadi mvumo dzake. Kwete, changamire, Akanga achibvuma kusiya mvumo dzaKe. Akanga ari Gwayana rakanyarara.

70 Asi, nhasi, o-o, ini zvangu, tinoda kuchengetedza kusiyana kwedu zvakadii! O-o, imiwe! “Ndinokuudzai, ngapamboita mumwe munhu anotaura chimwe chinhu nezvangu, ndinoenda kwaari kundomuona, ehee, ndinomutora ndomubvarura bvarura. Ndichamutaurira munyengeri uyu pandinomuona! Mira uone pandinomuona chete! Mwari ngaarumbidzwe, hareruya! Uh-huh!” Njiva inobva Yatiza yoenda. Ndizvo. Mweya Mutsvene hauchisiri pauri zvakare, paunenge uchinzwa manzwiro akadaro. Zvinyore pasi mubhuku rako, Haumboita zvinhu zvakadaro. Mweya Mutsvene haugari pedyo nemhando yomweya wakadai. Unofanira kunge uri mweya wegwayana, mweya wakapfava, kana kuti haUzogaripo, ndizvo chete; kana usina kupfava wakanyorova uchitungamirwa noMweya Mutsvene. Zvino kana chimwe chinhu chikasimuka, haUtombozviona, unongoenderera mberi. Maona? Zvino pamineti yaunotsauka, munozivei, ndipo pane . . . paunotsauka.

71 Munoziva, chivi chokutanga chakatanga nomunhu akatsauka zvishomanana. Munozviziva here? Bhaibheri rakataura kudaro. Evha akatsauka akamira chinguvana, kuti

anzwe kuti Satani aitaura kuti chii, kusvikira akataurirwa zvinhu zvainakidza kwazvo akazvitenda kuti iChokwadi. Uye akamuterera.

72 Chinhu choga chinodiwa naDhiyabhorosi kuti uite, kumira kwemaminetsi mashoma. Anokwanisa kukuratidza, woti, "Zvino, tarisa pano. Unoziva, hama, unoziva, hanzvadzi, dai vanga vari vanhu vakanaka, vangadai vasingaiti *izvi*. Kana vachiita *izvi* zviri pano, unoziva." Anokwanisa kuzviita zvechokwadi kusvikira zvinozoita kunge chokwadi. Ndizvo! Asi rangarira, ndiDhiyabhorosi!

73 Handina hanya kuti vakaderera zvakaita sei, kuti vakadzika sei muchivi, ibasa rako kuti uise ruoko rwako pavari uvadhonze norudo rwaMwari. Wakanga uripi Dhiyabhorosi paai . . . Mwari akakusimudza kubva mumadhaka? Ibasa rako, shamwari yangu. Nyika ino iri kufa nokushaiwa rudo rushoma harwo. Zvino . . .

74 Ndinoda kuti mucherechedze mhuka iyi, zvakare, mhuka duku iyi, yakanga iri gwayana rakanyarara nokuti harina . . . paAkatukwa, haAna kudzosera. HaAna kutuka nokuenderera mberi, nokuita nharo nokupopota, haAna kudaro. Mumwe munhu paa . . . PaAkatukwa, haAna kudzosera. HaAna kuvhura muromo waKe.

75 Asi rega mumwe munhu aite chimwe chinhu kwauri kana kwandiri, o-o, imiwe, tinofuta sedzetse riri kudya nyimo dzesimbi, tinofuta sedhadha. "Ndinokuudza iko zvino, kuti kana akanditsika pazvigunwe zvangu zvakare, handizodzokeri kuchechi ikoko zvakare. Kwete, changamire! Mwari ngaarumbidzwe! Hareruya! MaNazareni vanondigamuchira, maPilgrim Holiness, vanondigamuchira. Hareruya. Handifaniri kudzokera ikoko zvakare." Zvakanaka, Njiva Inotiza.

76 "Unoziva chii? Kana munyengeri uyu achiri kuenda kuchechi ikoko, handizoendiko zvakare. Mwari ngaarumbidzwe, handimboendiko!" Kana watanga kuita izvi, hunhu hunenge hwegava, Njiva Inotiza. Ndizvo. Mweya Mutsvene unobva waenda.

77 Zvino unoshamiswa kuti chii chakakanganisika newe. Unoshamiswa kuti chii chakakanganisika nechechi. Unoshamiswa kuti chii chakakanganisika newe. Sei usina kukunda kwawaisimbova nako? Wakashandura hunhu hwako. Wakava mbudzi pano kuva gwayana. Wakava chimwe chinhu chisiri gwayana.

78 Unofanira kuva noMweya wakanyorova, "Mweya Mutsvene ngaunditungamirire chero kwaunoda kuti ndiende. Mwari, ndinoda mutadzi wose, hazvina mhosva kuti ari kupi." Ukava namatarisiro akadai mumwoyo mako, ipapo uchaona chimwe chinhu chichiitika, mwoyo mako.

79 Unoti, "Zvino, Hama Branham, pane chingapedza dambudziko here?" Hongu, iva gwayana, ndizvo chete. Munoti, "Zvino, Hama Branham!"

80 Ndakasangana nomumwe mudzimai wechidiki humwe husiku, ndiri kuShreveport. Billy neni takaenda kune imwe nzvimbo kundotenga sangweji mushure momusangano. Mudzimai wechidiki akanaka akauya imomo, achiri wechidiki, zvichida ana makore makumi maviri kana akadaro, akanga akapfeka zvakanaka. Akagara pasi. Ndakacherechedza kuti akaramba achitarisa kwatakanga tiri. Ndakaramba ndichingodya. Munguva shoma akauya pataiva. Akati, "Makadii?" Ndakataura naye. Zvino ndakazoziva kuti mudzimai uyu aiva Hanzvadzi Davis veikoko. Zvino ivo nomumwe mudzimai wokuLife Tabhernakeri, ndaivaziva kwazvo, vakauya kwandiri vakataura neni, vakaenderera mberi. Zvino mudzimai muduku akanga akagara pedyo, akati, "Hama Branham, yanga iri Mharidzo yakanaka yamaparidza husiku huno."

81 Ndikati, "Makadii, hanzvadzi?" Ndikati, "Mazviita, ndinotenda kwazvo." Zvino ndakati, "Muri nhengo yeLife Tabhernakeri here?"

82 Vakati, "Ndiri nhengo yavo." Vakati, "Munoziva, Hama Branham, ndingadai ndichiimba mukwaya, asi vanondirambidza ikoko." Vakati, "Ndine, o-o, namakore mazhinji okudzidziswa kuimba, nezvimwe zvose." Vakati, "Ndaiimba ndega nzimbo uye nezvimwevo." Vakati, "Asi, ini—handichakwanisi kuimba, nokuti vano—vanorambidza kuti 'hapana mudzimai anozvipenda anofanira kuimba—kuimba mukwaya.'"

Ndikati, "Zvino, Mwari ngaarumbidzwe nokuda kweLife Tabhernakeri!"

83 Vakati, "Zvino, ndinokuudzai, Hama Branham," vakati, "Ndiri muKristu."

84 Ndikati, "Zvino, hanzvadzi, dzokerai kumba mundogeza kumeso kwenyu muite zvose zvamunokwanisa kuita." Ndikati, "Muri kundiudza here kuti hamukwanisi kurega zvinhu zviduku zvakaita sokupenda kumeso . . . "

85 Zvino ndinokwanisa kukuratidzai kuti izvi zvinobva kuna Dhiyabhorosi. Ndinokwanisa kuzviratidza kwamuri kuti hapana . . . Zvinhu zvakatanga namahedheni. Zvino mukaramba muchizviita, chiratidzo chokuti muri muhedheni. Zvino, ndichangodzoka kubva kuAfrica, ndakanga ndiri kumasango amaHottentoti kwandakaona zvokupfeka mhete, ndiko kunobva zvinhu izvi, nezvimwe zvose izvi, zvokupfeka matombo anokosha muhuro nezvimwe zvose, ndiko kwazvinobva. Mahedheni. Zvino Bhaibheri haridi kuti muKristu ave somuhedheni. Zvino haudi kuva . . . Handisi kuti muri

muhedheni nokuti munozviita, asi mukazviita zvinoita kuti muratidzike somuhedheni. Chikonzero ndechokuti mufudzi wenyu haana kukuudzai Chokwadi. Bhaibheri rakataura kudaro.

86 Zvino munotaura kuti, "Hama Branham, ndinofunga kuti kana ndiine vhudzi duku, rinondiita kuti nditonhorerwe nezvakadaro." Ndizvo, asi kana une vhudzi rakareba unozonyanya kutonhorerwa. Rinozosvika kumusana wako, uye rozoita kuti zvinake.

87 Ko, munoziva here zvakataurwa neBhaibheri? Kuti, murume ane mvumo yokuramba mudzimai wake kana akadimura vhudzi rake. Kana akadimura vhudzi rake, zvinoratidza kuti haana kutendeka kwaari. Bhaibheri rakataura kudaro, I Vakorinte 12, zvitarise uone kuti handiZvo here. Uyo anodaro. . . Mudzimai anodimbura vhudzi rake anoshora musoro wake, anova murume wake. Zvino kana achishora, anofanira kurambwa. Ndizvo. Asi, maona, mufudzi wenyu haakuudzei zvinhu izvi. Zvino ndicho chikonzero muchiita zvamunoita. Zvino—zvino murume, Bhaibheri rakati. . .

88 Pano nguva shoma yapfuura mumwe munhu akanyora akati, "Hama Branham, ma—mabhurauzi amadzimai," akati, "ko, zvaoma kwazvo zvokuti hauchakwanisi kuwana mabhurauzi zvakare, zvino zvinganaka here kuti madzimai echiKristu apfeke madhakironi, namanaironi, kana chimwe chakada kudaro?"

89 Ndikati, "Tarisa, hanzvadzi, pane chinhu chimwe pazviri. Pane chinhu chimwe chete chechokwadi. Unokwanisa kuita izvi: kana usingakwanisi kutenga, vachiri kutengesa michina inosona, unokwanisa kuzvisonera." Ndikati, "Ndizvo zvinozviratidza." Mabatiro aunozviita nezvaunoita, ndizvo zvinoratidza zviri mauri.

90 Ndicho chikonzero izvi zvose zviri pano kunyunyuta kuita nharo nokurehwa makuhwa, no—nokurevavo, zvichiitwa pachechi, ndizvo zvinoparadza chechi. Zvinoratidza kuti Dhiyabhorosi akapinda pakati penyu, uye zvinoratidza kuti Mweya Mutsvene wakakusiyayi. Zvino, ndinoziva kuti izvi zviri kurwadza vamwe venyu, asi zvinofanira kudaro. Zvinofanira kudaro! Ndicho chikonzero zvichitaurwa; kwete kuti ndakachenjera, kwete kungotauravo; asi kukuudza kuti dambudziko rako riri papi, nokuti rimwe zuva ndichazomira ndichikupindurira. Zvino zvinhu zvaunoita namazvibatiro aunoita, ndizvo zvinoratidza zvauri. Kana uchine hasha dzakare dzinoita kuti ukurumidze kushatirwa, woenda kunze uko wondoita zvimwe zvinhu, kana kutsoropodza, kana kufunga zvetsvina nezvimwe zvakadaro, zvinoratidza kuti zviri kubva kupi.

91 Zvino pane chinhu chimwe chete chokuita, bvisa chinhu ichi imomo, uye Njiva inozodzoka zvakare mumwoyo mako. Njiva

payakabuda muareka, payakabudiswa kunze. Asi yakadzoka zvakare ikagogodza pamusuvo waNoa akaizarurira zvakare kuti ipinde. Mweya Mutsvene uri pano. Mweya Mutsvene unoda kupinda mauri. Ndicho chikonzero nhasi, Mweya Mutsvene, haUna kubva kwauri zvachose. Wakamhara pamuti pane imwe nzvimbo, Wakagadzirira kudzoka zvakare mauri, kuzokupa rudo norugare nomufaro sezvawaisimbova nazvo. Chokwadi, ndizvo. Wakagadzirira kuzviita. Uri kuda kuzviita. Anoshuva kuzviita. Asi hauMubvumidze kuzviita!

92 Zvino, handisi kutaura kwamuri imi vayenzi. Handisi kureva kuti mufudzi wenyu . . . Ndiri kutaura kuTabhernakeri yaBranham. Handisi kutaura kwamuri imi vanhu vokuna mamwe machechi. Ndiri kutaura kuTabhernakeri yaBranham. Ndizvo zviri kunetsa pano.

93 Ndizvo zvinoita kuti Njiva Itize. Rega mumwe munhu atange chimwe chinhu chiduku pano pachechi, chinhu chokutanga, "O-o, ndizvo here? O-o, zvakadaro here? Uri kurevesa here?" Pakarepo Mweya Mutsvene unobva waenda, unotiza. Haukwanisi kugara pane mhando yomweya wakadai. Paunosiya hunhu hwegwayana, Mweya Mutsvene unobva waenda. Ndizvo. Uye ndiro ndambudziko nhasi. Ndicho chikonzero vanhu vari muchinhanho chavari, chikonzero ndechokuti vakarega mweya usiri iwo uchipinda mumwoyo yavo, muhupenyu hwavo. Zvino ndicho chikonzero tine . . .

94 Bhaibheri rakati ndicho chikonzero pana vakawanda vanorwara navanotambudzwa pakati pedu, kuda kwezvinhu izvozvi. Tinofanira kuva vanhu vakapfava. Tinofanira kuva norugare. Tinofanira kuva gwayana, kuti Njiva igare nesu.

95 Zvino, rangarirai, Njiva ichauya. Ungati, "O-o, Hama Branham, musandiudza kuti handina kugamuchira Mweya Mutsvene. Hareruya! Zasi uko, humwe husiku, o-o, paWakauya, ndaifamba . . . " Chokwadi, waiva Iwo! "O-o, ndakanzwa zvakanaka, ndakanzwa kunge ndichatora shiri dzose dzaiva mumuti nokudzida. Munhu wandakanga ndakavenga akandikanganisira, ndakanzwa kunge ndichamumbundira. O-o, Hama Branham, ndakanzwa sei!" Chokwadi, wakanga uri Mweya Mutsvene.

96 Asi, munoona, chikonzero Usina kukwanisa kugara. Wakanga uri gwayana ipapo; asi pawakava mhumhi, Wakatiza Ukaenda. Hapana chakakanganisika ne—ne—neNjiva; ndiwe, pawakarega mweya uyu uchiuya mauri. "Ndakadaro here, Hama Branham?" Hongu, pawakaterera makuhwa, pawakaterera kunhema dziya, pawakatanga kutaura kuti, "Zvino, ndine mvumo yokuita izvi!"

97 Hauna mvumo dzaunadzo! Wakatengwa nomubayiro, uye mubayiro uyu raiva Ropa rinokosha roMwanakomana waMwari. Hauna mvumo. Hareruya! Mvumo dzaunadzo bedzi, ndedzokuti,

uuye kuTsime rakazadzwa neRopa rakabva muTsinga dzaEmanueri, kana vatadzi vakashambamo vanobuda vasina mhosva. Hongu, changamire. Ndiyo mvumo yoga yaunayo, kuzvipira zvauri, kuna Mwari, uye Mwari anozokutungamirira kubva ipapo. Ndizvo zvinokonzera musangano . . . Ndizvo zvinokonzera zvinhu zvakawanda zvisinganzwisisiki. Mweya Mutsvene unosvika pane imwe nzvimbo, Mweya Mutsvene wotaura kuti, "Izvi hazvina kunaka. Misa musangano, enda uko." Ndinobva ndaumisa, zvakare, hama, ndoenda mberi. Ndizvo, nokuti unofanira kutungamirirwa noMweya waMwari. Zvino nzira yoga yokutungamirirwa noMweya waMwari, kuramba wakapfava, kwete kuziva zvinhu zvakawanda.

98 O-o, unofunga kuti, "Ndinoziva zvinhu zvakawanda." Hongu, wakashandisa huropi zvakanyanya kusvika hauchaziva zvokuita. Unoziva mabhuku ose nemhinduro dzose, nechiGiriki chose nechiHebheru chose, zvino hauchina nzvimbo yokuti Njiva imhare. Ndizvo. Asi unoziva zvose, zvino Njiva haikwanisi kukutungamira, nokuti unoziva zvakawandisa.

99 Gwayana harizviti rinoziva. Rinongoda kuva nomunhu anoritungamirira. Girori! Ndizvo. Rakanga risingazivi chinhu! Ameni. Chinhu choga chandinoziva, ndechokuti, Jesu Kristu akafira kundiponesa.

100 Zasi kuCalifornia paiva nomunhu aifamba, aiva nechinyorwa pamberi pake, chaiti, "Ndiri benzi raKristu," nokumusana kwakanyorwa kuti, "Uri benzi raani?" Ndizvo. Iva benzi, kunyika, kuti ugotungamirirwa noMweya Mutsvene, nokuti vanakomana navanasikana vaMwari vanotungamirirwa noMweya Mutsvene. VaRoma 8:1, inoti, "Naizvozvo hakuchina kupiwa mhosva kuna vari muna Kristu Jesu, vasingafambi nenyama, asi noMweya," usatevera mhumhi, asi Njiva. Ameni.

101 Doc aimboimba rwuyo, "Ndizadzei mazuva ose norudo, pandinenge ndichifamba neNjiva yokuDenga; regai ndifambe nguva yose ndichiimba nokunyemwerera, ndizadzei mazuva ose norudo." Ringava zuva rine rugare sei kuTabhernakeri yaBranham, kana kune imwe chechi zvayo kana munhuvo zvake, kana vakasiya mvumo dzavo, kuti vave gwayana.

"Chii chatinofanira kuita, Hama Branham?"

102 Dzoka zvakare uve gwayana, dzokera pakupfava zvakare, dzoka zvakare pakusaziva chinhu, dzoka zvakare pakuzviisa pasi paKristu. Usaedza, usaedza kuziva chimwe chinhu. Famba zvinyoro nyoro, wakanyarara, uchizvininipisa, wakapfava, zvino Njiva inozokutungamirira. Asi pose paunoona . . . paunoenda kundonzwa makuhwa, paunotanga kuva nehasha, paunofunga kuti une mvumo yokuita *izvi* ne*izvo*, Njiva Inotiza yoenda. Zvino hauzovi Nayo zvakare. Zvino, haisi kure nemi mangwanani ano, chechi. Yakamhara pabazi rorugare, ichikumirirai kuti mushandure hunhu hwenyu. Ameni.

103 Zvamunoda nhasi kupira mvumo dzenyu dzose, kurega Mwari achikuvevurai mvumo dzenyu dzose. Ameni. Ungafunga here gwayana, rina—rina makushe aro? Ndidzo mvumo dzaro, hongu. [Hama Branham vanotevedzera gwayana rakaneta—Mupepeti.], richipiswa, roiswa patafura parinovevurirwa. Vanoziva zvakarinakira. Vanotora mvumo dzaro dzose vodzivevura, ronzwa kutonhorerwa nokurerukirwa richimhanya. Imiwe, imiwe, rinozofara nokusvetuka richiva nenguva yakanaka. Hongu, changamire. Kana ukasiya mvumo dzako, ndizvo zvaunozowana. Asi unofanira kusiya mvumo dzako worega Shoko raMwari richivevura nyika yose kubva mauri, kubvisa tsika dzose dzenyika, wozova chisikwa chitsva muna Kristu.

104 Pane imwe nguva, kuAfrica, ndakanga ndichitaura kuno mumwe mutsvene. Akati, "Hama Branham, ndinoziva kuti munotenda zvomweya."

Ndakati, "Chokwadi, hama yangu."

105 Akati, "Makore apfuura ndaimbofunga kuti ndiri mumwe munhu." Akati, "Ndaifunga kuti ndiri muKristu chaiye." Zvino akati, "Zvino uko kuchechi kwedu. . . Ndaifanira kukwira gomo, pandaimisira motokari yangu." Zvino akati, "Ndaifanira kukwira chikomo, o-o, kwamayadhi mazana matatu kana mazana mana, ndichipinda nomumakwenzi nezvimwe, kuti ndisvikepo." Uye akati, "Takava nomunamato pamusoro ipapo." Uye akati, "Ndaifunga kuti ndaiva muKristu chaiye." Akati, "Ndaiziva Bhaibheri rose. Ndakanzvera chiHebheru chose. Ndakanzvera zvokuti ndaikwanisa kutaura mashoko zvakanaka." Uye akati, "Munhu wose aiuya kwandiri, ndaikwanisa" [Hama Branham vanoridza chigunwe chavo—Mupepeti.] "kutaura navo seizvi kubva muBhabheri. Ndaiziva zvandaitaura pamusoro pazvo." Akati, "Humwe husiku ndakanga ndichienda kuchechi. Makanga maita kupesana kwanyanya muchechi medu." Akati, "Pakanga pana mapoka maduku akanga achirwisina. Munoziva kuti zvinotanga sei."

Ndakati, "Hongu, changamire."

106 Akati, "Pandakanga ndichikwira chikoma, ndakanga ndichifamba, uye pakarepo ndakanzwa kuti pane ainditevera." Zvino akati, "Ndakafunga kuti regai ndimumirire zvishoma hazvinei kuti ndiani, kuti andibate, ndigozotaura naye tichifamba munzira." Munoziva, chinhu chakanaka, kumira zvishoma. Zvino akati, "Pandakanga ndichikwira chikomo," akati, "Ndakakwira. Mumwe Murume aikwiravo chikomo," akati, "Akanga akatakura mukwende kumusana Kwake wakanga wakakura kudarika Murume uyu." Zvino akati, "Akanga achigomera achinetseka achiita nhanho pfupi, achiedza kukwira. Zvino ndakati, 'Iwe, ndingaKubatsirai here kutakura mutoro uyu kukwira chikomo?' Akati, 'Kwete,

ndinofanira kuutakura.'" Akati, "Ndakatarisa muruoko rwaKe," akati, "Ndakaziva pakarepo kuti chaiva chiratidzo." Aiva namavanga muruoko rwaKe. Akati, "Ndakawira pasi, ndikati, 'Ishe, Makatakura zvivi zvenyika here musaga iri?' Akati, 'Kwete, ndakatakura zvako bedzi. Ndiri kukubatsira kuti ukwire chikomo, kuti ukwanise kukwira.

107 Ndizvo zvazviri. Kana tikatarisa, tinozoona kuti Akatakura zvivi zvedu. Hazvikuninipisi here? Mwoyo yedu yakaipa, inohutsinye, nokuti tinokwanisa kuzviita!

108 Pane imwe nguva ndakanga ndichivhima. Sokuziva kwamunoita kuti, ndinofarira kuvhima. Zvino pakanga paine mumwe munhu akaipa munyika imomo, akanga ari munhu akaipa. Zvino aindisvotesa nokuda kokuti ndaisapfura mhembwe ina vana. Ndakati, "Hutsinye." Ndakati, "Unodii kuva, muvhimi chaiye akanaka anopfura mhembwe huru nedzimwe dzachembera dzava kuda kufa, Mwari akadzipa kwatiri, asi rega duku idzi dzinobereka."

109 Akati, "Ah, uri mbwende, yomuparidzi!" Akaramba achitaura saizvozvo.

110 Ndakati, "Zvino, onai, dai ndanga ndine nzara ndichida imwe yemhembwe idzi, ndinotenda kuti Mwari aitendera kuti ndiuraye. Asi kungopfura kuti ndiratidze kuti ndakachenjera," zvino, aizadza ngoro yose. Zvino akandogadzira chiridzwa, kufanana nepembe, zvino airidza pembe iyi uye yairira samachemero anoita mwana wemhembwe. Rimwe zuva takanga tiri tose musango. Ndakamutsiura, ndikati, "Dai ndirini ndainyara." Aiuraya mhembwe dzingasvika sere kana gumi panguva imwe chete, kana aikwanisa, nokuita zvimwe zvose, kuti aratidze kuti akachenjera, dzimwe nguva aidimbura makumbo osiya zvimwe zvose zviripo. Ndikati, "Haufaniri kudaro."

"Aa," akadaro, "imi vaparidzi muri mbwende chaidzo!"

111 Rimwe zuva akamira mumakwenzi, akanga atora pembe yake akairidza, ikarira somwana wemhembwe ari kuchema. Paakadaro, mhembwe yakanaka yakasimudza musoro wayo, ikauya ichimhanya. Waikwanisa kuona maziso ayo makuru ebhurauni achitarisa. Yakanga yavhundutswa. Yakanga ichitarisa tarisa. Muvhimi akasimuka, akasimudza pfuti yake kuti apfure mhembwe. Zvino mhembwe yakaona muvhimi. Asi, munozivei, kuchema komwana wayo, haina kuita hanya nepfuti. Yaitsvaga mwana wayo, akanga ari mudambudziko. Munoziva, kuratidzwa kohumai hwechokwadi norudo rwaamai, kokutarisana nepfuti, munguva yorufu, yakatarisana nomuromo wepfuti. Munozivei, zvayakaita izvi zvakanga zviri zvikuru kwazvo, zvakamukanganisa, akakanda pfuti yake pasi! Akamhanya akandibata mumaoko, akati, "Billy, ndinamatire, ndaneta nazvo!" Paakaona kuratidzwa kohumhare hwohumai!

112 O-o, kana nyika yaona kuratidzwa kworudo rwaMwari, ruri mumwoyo yavanhu, panozova nomutsauko wakaita sei. Kana tikarega Njiva yaMwari ichiuya mumwoyo yedu kuzotipfavisa, nokutiita kuti tive vanyoro.

113 Ipapo mumakwenzi, ini ndakamira ipapo ndikanamatira murume uyu, ndakamutungamirira kuna Ishe Jesu. Kubva panguva iyi, akanga ava muvhimi, akanaka.

114 Hongu, aifunga kuti ane mvumo, kuti aite zvaanenge achida. "Dziri munzvimbo yangu, dzinokwanisa kudya huswa hwangu kana dzichida."

115 Ndakati, "Ndizvo, asi hazvina hunhu." Unofanira kusiya mvumo dzako. O-o Mwari, ivai nenyasha, kuti tikwanise kudaro.

116 Pano imwe nguva yapfuura, muno, o-o, makore akangasvika zana apfuura, pano muKristu aizivikanwa aigara kuzasi kwakadziwa kumadokero muUnited States. Zita rake ainzi Daniel Curry, munhu akanga akanaka, munhu aiva nohumwari, ano hutsvene, muKristu chaiye, munhu aifungwa nomunhu wose, munhu akanaka kwazvo. Zvino nyaya iyi inotaurwa ichinzi, akafa kana kuti akapinda muchiratidzo, zvino akati . . . akasvika kuDenga, zvechokwadi, paakafa. Zvino paakasvika pagedhi reparera, anochengeta akauya pamusuvo, akati, "Ndimi ani?"

117 Akati, "Ndini muvhangeri, Daniel Curry, ndakaunza zvuru zvavanhu kuna Kristu. Zvino ndiri . . . Ndinoda kupinda mangwanani ano. Rwendo rwangu rwapanyika rwapera, handichina nzvimbo yokuenda iko zvino."

118 Ndizvo zvazvichaita mamwe mangwanani, iwe mutadzi. Ndizvo zvazvichaita kwauri, iwe wakadzokera kumashure. Ndizvo zvichaitika kwamuri imi makachemedza Mweya Mutsvene, zvokuti hamuchisiri vanyoro uye hamuchina kupfava. Maya namakore musati mambochema. Maya nenguva yakareba musati mambonyara, handizivi kuti makapedzisira kuzviita rinhi, uye kuzvidzora kwose kwakakusiyayi. Chokwadi. Asi izvi zvichasvika pamusuvo wenyu mamwe mangwanani. Zvino Mweya Mutsvene wakapfava pauri kugogodza, sei usingaMugamuchiri?

119 Zvino Daniel Curry paakasvikapo pa—pa—pagedhi, akapinda mukati, akati, "Tichaona kuti tine zita rako here." Vakatarisa kwose havana kukwanisa kuwana zita rake. Akati, "Kwete, hapana Daniel Curry pano."

120 "O-o," akati, "chokwadi!" Akati, "Ndiri muvhangeri." Akati, "Ndakatungamirira vanhu vakawanda kuna Kristu." Akati, "Ndakaedza kuita zvinhu zvakanaka."

121 Anochengeta akati, "Changamire, ndino hurombo kukuudzai, kuti hapana Daniel Curry pano." Akati, "Ndingakuudzai zvamungaita." Akati, "Hatina mvumo

yokutonga nyaya yako pano." Akati, "Asi kana muchida kukwira nyaya yenyu? Munokwanisa kukwira kuChigaro Chichena chikuru Chokutonga, kana muchida." Asi akati, "Hatina tsitsi kwamuri pano, zvachose, nokuti hatina zita renyu pano. Hatina tsisti kwamuri." Akati, "Munoda kuti nyaya yenyu ikwidzwe here?"

Akati, "Changamire, chii chimwe chandingaita kusiya kokuti ikwidzwe?"

122 Akati, "Zvino, kana zvakadaro, munokwanisa kuenda kuChigaro Chichena chikuru Chokutonga kukwira nyaya yenyu."

123 Daniel Curry akati ndakanzwa kunge ndiri kuenda nomumhepo kwenguva ingasvika awa. Akati akasvika panzvimbo, pakatanga kuva nechiedza, chaijeka, nokujeka, nokujeka. Akati, paairamba achienda mberi, ndipo pachairamba chichinyanyojeka. Pakanga pakajeka zvakapetwa mazana, nezvuru nezvuru zvakapetwa chichipenya kudarika zuva. Zvino akati akanga ava kungodedera, achidedera. Zvino akati, paakasvika muChiedza ichi, akanzwa Inzwi richiti, "Wakanga wakatendeka here panyika?" Zvaibva mu—muChiedza.

Akati, "Kwete, ndakanga ndisina kunyatsotendeka," achidedera.

Akati, "Nguva dzose waitendeka here nomunhu wose?"

124 Akati, "Kwete." (Akati, "Zvimwe zvinhu zvishoma zvakatanga kuuya mupfungwa dzangu zvandakanga ndisina kunyatsotendeka.") Akati, "Kwete, ini—ini—ndinofunga kuti ndakanga ndisina kutendeka."

Akati, "Waitaura chokwadi here panyaya yose, muhupenyu hwako?"

125 Akati, "Kwete. Ndakarangarira zvimwe zvinhu zvandakanga ndataura, zvaiva nomumvuri. . . zvaiva nomumvuri. Ini—ini—ini—ndakanga ndisingatauri chokwadi chizere."

126 Zvakanzi, "Zvino, wakambotora here chinhu chakanga chisiri chako, chinhu chipi zvacho, mari, chinhu chipi zvacho chakanga chisiri chako?"

127 Akati aifunga kuti panyika akanga ari munhu akanaka kwazvo, asi akanga ava kunzwa kuva nemhosva. Akati, "Kwete. Kwete, ndakatora zvinhu zvakanga zvisiri zvangu."

Akati, "Zvino wakanga usina kukwana."

Akati, "Kwete, ndakanga ndisina kukwana."

128 Akati akanga achitarisira panguva ipi zvayo kunzwa kutukwa kubva muChiedza chikuru ichi makanga mazorora Njiva, "une mhosva!" Akati, zvino akazonzwa Inzwi seri

kwake, rakanga rakanaka kudarika ramai vapi zvavo vaanganzwa. Akati akatendeuka kuti aone. Zvino chiso chakanakisa chaati amboona, chakadarika chavanhu vose chakanga chakamira pamberi pake. Zvino Akati, "Baba, Daniel Curry akaNdimirira panyika. Ichokwadi, akanga asina kunyatsorurama, asi akaNdimirira. AkaNdimirira panyika, zvino ndava kumumiriravo kuno kuDenga. Torai zvivi zvake zvose muzviite Zvangu."

129 Ndiani achazokumirira pazuva iri, hama, kana uchiMuchemedza nhasi? Handichakwanisi kuramba ndichiparidza. Ngatikotamisei misoro yedu.

130 Mwari anodikanwa, Gwayana rakaurawa, rakanyorova, rinozvininipisa, raizvideredza. Shiri dzina matendere nemhungubwe dzino mwena, asi Imi makashaiwa nzvimbo, uye imi, makanga muri Ishe woKubwinya! PaMakaberekwa, makanga Musina hanzu dzokupfeka. O-o Mwari, ko hanzu dzedu dzinotibatsirei zvino? Ko motokari dzedu dzinotibatsirei zvino? Imba yakanaka ichatibatsirei zvino? Zvichabatsirei pazuva iroro? Makanga musina shamwari; hapana aida kuita shamwari yeNyu. Hapana aida kubatsirana neMi. Makati nezuva iro Muchataura kuti, "Ndakanga ndine nzara, hamuna kuNdipa zvokudya. Ndakanga ndakashama, hamuna kuNdipfekedza." Ko zvose zvatinazvo zvichazobatsirei pazuva iroro, Ishe? Ngative vamirariri veNyu, kuti kana nguva iyi yasvika kuti tipinde muhupo hwake imi muna Masimba ose, Munoziva zvose, Mune. . . O-o Mwari, patinonzwa Njiva, yakaisa mapapiro Ayo iri muChiedza chikuru, chiChapenya muZienda nakuenda rose. Imi, munogara muChiedza!

131 "Pandichazomira ipapo ndoga, hama yangu inenge yaenda, mufudzi wangu anenge aenda, mai vangu vanenge vaenda, baba vangu vanenge vaenda, mudzimai wangu anenge aenda, vana vangu vanenge vaenda, O-o Mwari, ndichazoitei zvino, Ishe? Ndichazoitei? Zvino izvi zvinogona kuitika zuva risati ranyura husiku huno. Asi ndichazoitei? Ndingaitei? O-o Kristu, ndichakumirirai iko zvino! Ndichaita sarudzo yangu nhasi. Ndichasiya kureva vamwe vanhu. Ndichasiya hasha dzangu. Ndichasiya kupesana kwangu kwose. Ndichasiya zvose. Ndivevurei, Ishe, torai zvose zvandinazvo. Torai ini, Ishe. Ini—ini—ndinoda kumira panzvimbo Yenyu. Ndinoda kuvevurwa. Ndinoda kuti kunyima kwangu kwose, kuzvikudza kwangu kwose, nokushaiwa hanya kwangu kwose, zvose zvibviswe mandiri. Zvino ndinoda kukumirirai Imi, segwayana rakavevurwa, ndichida kusiya mifaro yose yavanoti mifaro yohupenyu, madhanzi ose, mitambo yose, nehanzu dzose dzisina kunaka, nezvinozorwa, zvapamuromo, napanzara, zvose zvokushaiwa hanya kufanana nenyika. Makati, 'Musazvibata senyika. Musawadzane nenyika. Ibvai pakati pavo!' O-o Mwari! Ndibatsirei, Ishe. Ndivevurei nhasi. Nditorei segwayana

uye ndirambe ndakanyarara, ndisavhura muromo wangu, ndisataura chinhu pamusoro pazvo, ndimire ndichivevurwa."

132 O-o Mwari, zvinoita mutsauko wei! Ndinorangarira paMakandivevura, makatora mudzimai wangu, mwana wangu, nababa vangu, nomunin'ina wangu, makandivevura ndikachena. Asi, mumwoyo mangu, ndaiziva kuti ndinoKudai. Uye Makandiropafadza, uye Makandinakira sei! Zvose zvandiri, zvose zvandichazova, zvose zvandingazova; Ndimi, Mwari, Ndimi. Ndinoreurura kudarika kwangu, ndinoreurura zvose zvandakaita kana zvandakaita. Ndivevurei, Ishe, ndinoda kuva gwayana Renyu.

133 Kwete izvozvo chete, Ishe, asi torai munhu wose ari pano mangwanani ano, gwai rose, naavo vangada kuva makwai, vevurai vose, mangwanani ano, Ishe. Isai makumbo avo muEvhangeri. Dai Mweya Mutsvene wavatungamirira pakutendeuka iko zvino, ngavazive kuti vanga vari kushaiwa hanya naMwari. Zvino dai Avevura kushaiwa hanya kwose, nenyika yose nezvinhu zvose zvenyika. Vevurai zvose mangwanani ano, Ishe, kuti tigomira tichitonhorerwa takanyarara pamberi penyu, samaKristu akaberekwa patsva. Zviitei, Ishe.

134 NdinoKudai. Ndinoda kuenda, hazvina mhosva kuti kuri kupisa, kana ndichinzwa kuda kuenda kana kwete. Ndinoda kuenda. Ndinoda kuKumiririrai, nokuti ndinoda kuti Imi mundimiririre panyaya yangu nezuva iroro, muchiti, "Zvino, akamira panzvimbo Yangu, iko zvino ndava kumira panzvimbo yake." O-o Mwari, zviitei nhasi.

135 Zvino musoro wose wakakotamiswa, nomwoyo wose wakakotamiswa. Handizivi mangwanani ano kuti aripo here anoziva kuti akaedza kuva nenzira yake, wakaita zvinhu zvawaisafanira kuita, uye uri kunzwa mangwanani ano dai Ishe akakuvevura, uye uri kuti, "Ndiitei gwayana," ungasimudza ruoko rwako here. Mwari akuropafadze, mudzimai. Mwari akuropafadze, hama. Mwari akuropafadze, hama. Mumwe angati, "Ndivevurei, Ishe, ndakamira. Ndiri gwai. Handizozaruri muromo wangu, ndinoda kuti Imi mubvise nyika mandiri." Mwari akuropafadzei, hama. Mwari akuropafadze, mudzimai. Mwari akuropafadze, mukomana. Mwari akuropafadze, mudzimai. Zvino akuropafadze, hanzvadzi. "Ndivevurei, Ishe." Hanzvadzi Gertie. . . [Anoridza piyano—Mupepeti.] Zvino Mwari akuropafadze, mudzimai. Zvino akuropafadze, hanzvadzi. "Ndivevurei, Ishe. Ini—ndinoda kuti zvinhu zvose zvenyika. . . Ndinoda kuKumiririrai mangwanani ano. Ndinoda kumira segwai rakavevurwa. Ndinoda kuti zvinhu zvose zvenyika zvibviswe mandiri. Ndinoda kuva weNyu uye Imi muve wangu. Mungandigamuchira here, Ishe, pandava kusimudza ruoko rwangu kwaMuri?" Mwari akuropafadze, mudzimai. Mwari akuropafadzei, changamire.

Mwari akuropafadzei. Mwari akuropafadzei, changamire. Mwari akuropafadzei, changamire. Mwari akuropafadze, mudzimai. Mwari akuropafadze, mudzimai, ndiri kuona ruoko rwenyu. Mwari akuropafadze, hama yangu. Mwari akuropafadze, mudzimai muduku ari kumashure uko. Mwari akuropafadzei kumashure uko, mai. Mwari akuropafadze, hanzvadzi. Zvakanaka, tendekai. "Ndiri kuda kuti Mwari atore zvose kubva mandiri zvose zvisina kufanana naYe, zvinangwa zvine hundini zvose zvandiinazvo, kushaiwa hanya kwandinako kwose. Ndinoda kuti Iye andivevure, mangwanani ano. Ndinoda kufanana naYe. Handina hanya kuti imvumo dzangu here kana kwete; handina mvumo. Ndinongova nemvumo imwe chete, uye iyi ndeyokuti, ndiuye kwaAri. Anozotora zvose."

136 Pano mutadzi asati apira hupenyu hwake kuna Kristu here, asati aponeswa, uye uchida kurangarirwa mumunamato manheru ano, ungasimudza ruoko rwako here, shamwari? Mwari akuropafadze. Mumwe angasimudza ruoko rwake, achiti, "Ndirangarirei, Hama Branham. Handizi muKristu, uye handizivi kuti ndichasangana naMwari nguvai. Zvino ini—ndinoda kurangairirwa mumunamato iko zvino, pamava kupfiga." Zvino, mungasimudza here ruoko rwenyu kuti ndikunamatirei? Anokuonai. Mwari akuropafadze, mudzimai muduku. Mwari akuropafadze, mudzimai. Mwari akuropafadzei, changamire. Mumwe, "Ndinoda kuva, ndinoda . . . "

137 Vangani pano vakadzokera kumashure? "O-o," munoti, "handibvume izvozvo, Hama Branham." Asi, tarisa, kana Njiva ino hunyoro yakabva kwauri, hama, pane chimwe chinhu chakakanganisika. Pane chimwe chinhu chakakanganisika kana musingakwanisi kuitirana mwoyo murefu. Kana usingakwanisi kuregerera munhu kubva pakadzika pomwoyo wako, hazvina mhosva kuti vakaitei kana kuti vakataura chii, kana usingakwanisi kuvaregerera kubva pakadzika, Jesu akati, "Kana musingaregereri munhu pakudarika kwake, kubva mumwoyo wenyu, kana naBaba vari kumusoro kuDenga havakuregerereivo."

138 Zvino kana, kunze kuno kuchipisa kudai, kana Mwari akakudana nhasi? Pane Tsime rakazaruka, chechi iripo, Mweya Mutsvene uri muno mumba muno, wakagadzirira kudzoka zvakare kudzoka mumwoyo wako nokukuita munyoro uye une rugare. "Zvino ndoitei, Hama Branham?" Iva gwayana. Mweya Mutsvene unouya pauri kana ukava gwayana. Asi kana une zvinagwa zvisiri izvo, kana—une pfungwa dzisiri idzo, uchida kuva nenzira yako, usingadi kuisiya, zvino Mweya Mutsvene hauzombouyi.

139 Zvino misoro yedu yakakotamiswa, handizivi kuti imi masimudza maoko enyu . . . Zvino, Jesu akati, "Uyo unonzwa Mashoko Angu nokutenda WakaNdituma, anoHupenyu

husingaperi, haapindi mukutongwa asi wabva murufu wapinda muHupenyu," Johane 5:24. Asi zvino kana uchida kuuya kuartari, wogwadama pano, kusvikira wava kunzwa hunyoro, norugare hwawaimbova narwo, kana kuti rwaungada kuva narwo, rwuuye kwauri zvakare. Takakotamisa misoro yedu, tichiimba, "Pane Tsime rizere neRopa," ndiri kuda kuuya, ndigwadame ndinamate. Munhu wose anoda kuuya, kuzogwadama pano paartari onamata kwekanguva.

> There is a Fountain filled with Blood,
> Drawn from Immanuel's Veins.
> And sinners plunged beneath . . . (Mwari akuropadze iwe, mudzimai, wuya uzogwadama)
> Lose . . .

140 Misoro yenyu yakakotamiswa, ndine tarisiro yokuti ndizvo zvamunazvo mumwoyo yenyu. Munoziva here kuti ndiani atanga kuuya mangwanani ano, hazvifaniri kukuitai kuti munyare here? Mudzimai wechitema, anonzwisa tsitsi, akazvimba mabvi, ane vhudzi jena, ari kuuya paartari.

141 Pano imwe nguva yapfuura, mumwe murume wechitema akaponeswa, munguva dzavaiitwa nhapwa. Akaenda, paakanga aponeswa, akataurira tenzi wake kuti akanga asununguka. Akati, "Wadii?"

Akati, "Ndasununguka." Zvino akabva azomusunungura.

142 Pano pane rimwe boka riri kuuya kuzotsvaga ruponeso mangwanani ano. (Akati ndasununguka.) Munhu wose ngaave mumunamato, namatai kwazvo, Mweya Mutsvene pauri kushanda navanhu kuti vaite sarudzo.

Akati, "Mozi, wati wasununguka here?"

Akati, "Hongu, changamire, tenzi. Ndasununguka."

143 Akati, "Kana wasununguka, nenivo ndichakusunungura, zvakare. Enda undoparidza Evhangeri."

144 Paakanga ava kuda kufa, hama dzake zhinji dzechichena dzakauya kuzomuona, zvino pavakadaro, akati, akafunga kuti akanga asiri kuziva zvakanga zviri kuitika. Paakamuka, akati, "Ndiri kufunga kuti ndanga ndafa." (Mwari akuropafadze, hama yangu, pfugama.) Akati, "Ndafunga kuti ndanga ndafa."

Vakati, "Waonei, Mozi?"

145 Akati, "Pandakafamba kusvika pagedhi, ndakaMuona." Akati, "Ndakamira, ndakaMutarisa." Zvino akati, "Paiva neNgirozi yakauya ikati, 'Uya kuno, Mozi. Wakaparidza Evhangeri kwamakore akawanda, une nguvo nekorona zvakakumirira.' Akati, "'Musataura kwandiri pamusoro penguvo nekorona. Handidi nguvo nekorona. Ndinoda kungoMutarisa.'" Ndinofunga kuti ndiwo matarisiro omuKristu.

146 Pano imwe nguva yapfuura, ndiri kuChicago, ndakanga ndiri mune imwe nzvimbo, nzvimbo inochengetwa zvinhu zvakare, ndingadaro, uye ndakanga ndichitarisa tarisa imomo. Ndakaona umwe mutana wechiNegro, aiva nevhudzi shoma jena mumusoro wake, achifamba imomo, nenguwani yaiva mumaoko ake. Ndakamutarisa. Akatarisa pane imwe nzvimbo, akasvetuka kumashure, misodzi ikatanga kuyerera pamatama ake matema. Akatanga kunamata. Ndakamutarisa kwekanguvana. Akatarisa zvakare, akatanga kuchema zvakare. Ndakafamba ndichienda kwaaiva ndikati, "Changamire."

Akati, "Hongu, shamwari yangu yechichena?"

Ndakati, "Ndiri kuona kuti . . . Chii chakufadzai zvakadaro? Chii chakufadzai zvakadaro?"

147 Akati, "Changamire, kana mukabata parutivi rwangu, ndina mavanga." Akati, "Ndakanga ndiri nhapwa." Akati, mugirazi iro riri pano, mune hanzu irimo."

Ndakati, "Ndiri kuona kuti ihanzu, asi chii chinoshamisa pairi?"

148 Akati, "Gwapa iri riri apa," akati, "iropa raAbraham Lincoln." Akati, "Ropa iri rakabvisa bhande rohunhapwa pandiri." Akati, "Zvino, iwe muchena, hazvingakufadzivo here, zvakare?"

149 Ndakamubundira, ndikati, "Mwari akuropafadze, hama. Ndinoziva rimwe Ropa rinondifadza."

Akati, "Ndinoziva Ropa iri, zvakare, changamire."

150 Ndakati, "Akabvisa bhande rohunhapwa kubva pandiri." Imwe nguva ndaienda kunze musi weSvondo kumabhiza nezvimwe, ndichitaura zvinosekesa zvakaipa. Zvino, O-o Mwari, ndakazviita sei? Kunyange nazvino pachine mavanga nazvino mumwoyo mangu. Asi ndinofara kuti Akatora bhande iri kubva pandiri. Zvakapera iko zvino, Akatora nzvimbo yangu.

151 Pano imwe nguva yapfuura, ndakatarisa mumwe mudzimai, akanga akaipa kwazvo zvokuti ndaida kumupomera mhosva. Zvino Mwari akandipa chiratidzo. Ndakazomunamatira, nokuti ndakaona kuti zvivi zvangu zvakanga zvakakura sezvake. Zvino ndakafamba ndikaenda parutivi rwake ndikamutsiura, ndikamuudza kuti ndakanga ndiri muparidzi. Shamwari dzake mbiri . . . Akanga ava namakore makumi matanhatu namashanu, kana kuti makumi manomwe, zvino shamwari dzake mbiri dzakagwadama ipapo, vakapira hupenyu hwavo kuna Kristu. O-o, ini zvangu, zvakazoita mutsauko wakadii!

152 Haungauyi here? Wakaita zvivi zvakawanda here, mangwanani ano, wakasvibisa mwoyo wako here zvokuti Mweya Mutsvene hauchakwanisi kuubata? Zvichida Njiva Yakatiza zvokuti haichakwanisi kudzoka noKusingaperi, yakaenda zvachose.

153 Mwari akuropafadze, mudikanwa. Musikana muduku afamba achiuya kuno. Mwari akuropafadze, mudikanwa. Munoti, "Musikana muduku hapana chaanoziva." O-o, hongu, anoziva. Haasati averenga mapepa nhau nenyaya dzakare dzorudo. Ndicho chikonzero, akapfava. Jesu akati, "Musadzivisa vaduku ava kuti vauye kwaNdiri."

154 Pano mumwe angada kuuya here, kuti ave nesu mangwanani ano? Artari yakavhurika. Kweimwe nguva zvakare, tozoimba zvakare, tozonamatira vatadzi vari kutendeuka pano.

> The dying thief rejoiced to see
> That Fountain in . . . (Chokwadi, zvinhu zvose zvakanga zvaenda, mbavha iyi yakanga yaparara)
> And there may I, though vile as he

155 Hamungauyi here? Hamungauyi here, imi munoziva zviri nani? Bhaibheri rakati, "Kana uchiziva kuita zvakanaka, zvino worega kuzviita, kwauri zvivi zvakanyanya." Haungauyi here? Unoziva kuti wakakanganisa. Uya ugwadame paartari, uuye uudze Mwari kuti uno hurombo nokutadzira kwawakaMuitira. Rega Mweya Mutsvene udzoke zvakare ukuite munyoro nokuva wakadzikama zvakare. Haungauyi here? Rangarirai, kana ukafa, uye Iye akaenda panzvimbo yako, hapazovi nomunhu anokureverera panyaya yako. Ari kuda kuti uMumiririre mangwanani ano. Mwari akuropafadze, hama yangu.

156 Ndakamirira. Ndivo vose here, gumi navashanu chete muchechi muno vanyatsonzwa kupomerwa mhosva? Makararama hupenyu huno rugare here, makanyorova, makapfava, hupenyu hwakanaka? Zvino, izvi zviri kutungamirirwa noMweya Mutsvene. Munoregerera here, hamuna vanhu vamunovenga? Muchirarama pamusoro, pamusoro pokupomerwa, kwavatadzi? Hamurarami savahedheni here, munorarama zvakasiyana here? Hupenyu hwenyu hwakasiyana navo here? Mweya Mutsvene wakapfava wakagara pachigaro chomwoyo here, uchiita kuti urarame norugare wakadzikama uine rudo, kuvanhu vose? Vavakidzani vako vanoziva, navose vaunoshanda navo vanoziva, kuti wakapfava, wakanyarara, unohunyoro, unozvininipisa somuKristu? Njiva yaMwari inewe here? Une chokwadi here? Uyu unogona kunge uri mukana wako wokupedzisira. Zvakanaka.

157 Zvino kwamuri imi muri paartari, Mwari akuropafadzei. Hamuchazotongwi iko zvino. Mweya Mutsvene waunza kutongwa kwauri. Zvino hamuna kuedza kubatirira pamvumo dzenyu, muchiti, "O-o, ndanga ndiri muKristu kwenguva yakareba. Handifaniri kuti ndiende." Vamwe venyu, ndiko kokutanga kuuya paartari. "Ndinokwanisa kugara ndiri mutadzi kana ndichida, imvumo dzangu." Hongu,

ichokwadi. Unozvisarudzira zvaunoda, unokwanisa kuzvibata namazvibatiro aunoda. Asi masiya mvumo dzenyu mangwanani ano. Dzokuti, "Vachatii, ini ndanga ndichizviti muKristu uye ndozoenda paartari, vanotaura kuti chii?" Asi Mwari ari kutaura kuti chii? Akati muuye, uye madaro. Zvino masiya mvumo dzenyu, mukauya kuMweya Mutsvene wakapfava kuzotora nzvimbo Yawo mumwoyo yenyu nhasi. Ndinoziva kuti Achadaro. Ndinoziva kuti Achadaro. Akavimbisa kuti Achazviita. Ipapo, haUkwanisi kusazviita, haukwanisi kuti usauya. Uri kugombedzera, uchichema, zvakanyanya, nezvimwe zvose, kuti uwane nzvimbo yokupinda, uchida kuuya mauri.

158 Zvino panguva yako yokufa, mutumwa worufu paanenge agara pamubhedha wako, pano kuti utarise kunze uko kune chinhu chinotyisa, uchiziva kuti wakaramba kuuya pane imwe nguva, uye mweya wako wasviba netsvina, pasina nguva, hazvina mhosva kuti unochema zvakadii. Esau akatadza akadarika muganhu wenyasha . . . zuva rake renyasha, ndingataura ndichadaro, haana kumbozowana mukana. Akachema zvaisiririsa, achiedza kutsvaga nzvimbo yokutendeuka, asi haana kukwanisa kuiwana. Mwari akanga amudana kokupedzisira.

159 Asi imi masiya mvumo dzenyu dzose neshamwari dzenyu dzose, namanzwiro enyu ose nezvimwe zvose, mangwanani ano, kuti muuye pano. Masiya mvumo dzenyu, kuti mugwadame pano mutaure naMwari. Ndiri kukuudzai neShoko raShe, kuti Kristu akati, "Uyo anouya kwaNdiri, handizomurashiri kunze." Zvino uri paartari, tendeuka, muUdze kuti uno hurombo nezvawakaita.

160 Ndicho chikonzero vanhu vasingagamuchire Mweya Mutsvene pavanobhabhatidzwa, havatendeuki zvakanaka. Mwari ari kuedza kuvapa Mweya Mutsvene. Anoda kuti unyorove upfave udzikame. Ndicho chikonzero uchisimuka nokunyima kuchiri mumwoyo mako. O-o, ungasimuka, uchidanidzira, uchitaura nendimi, kana zvimwe, hazvikuiti kuti uve noMweya Mutsvene. Unofanira kusimuka ipapo wava munhu mumwe. Unofanira kubvapo, wapfava, wapfava, uno hunyoro, uchizvininipisa, uye Mweya waMwari uchigara newe. Gore rinouya, wotarisa kumashure kwaunenge wabva, unozoona kuti uri kukura nguva yose. Ndiwo Mweya Mutsvene. Mweya Mutsvene rudo, mufaro, rugare, mwoyo murefu, hunyoro, kuzvidzora, kutsungirira, kutenda. Zvino, tendeuka utaurire Mwari kuti uri kuzvida iko zvino, ita zvakanaka.

161 Musikana muduku, iwe uri apo, mudikanwa, ita zvimwe chete. Mwari akuropafadze. Mai vako vakamira vakaisa maoko avo pauri.

162 Iwe hanzvadzi inokosha yechitema uri pano, uri kuchema uri paartari. Ungadai uchidya zvinhu zvisina kunaka zvakaipa,

ungadai uchigara munzvimbo isina kunaka, pane zvandinoziva, hanzvadzi. Mwari aropafadze mwoyo wako, pane nzvimbo yakanaka yawakagadzirirwa muKubwinya mangwanani ano. Ndizvo.

163 Tarisai paartari muone mudzimai, ane vhudzi rava kuchena, mudzimai wechidiki akakotamisa musoro wake, mudzimai achena musoro wose. O-o Mwari! Ndiri kuona varume vakagwadama, vakasiyana vari pano. Tendeukai, muUdzei kuti muno hurombo. MuUdzei kuti hamuchazozviiti zvakare. Nenyasha dzaKe, muchaisa kupesana kwenyu, kubva nhasi zvichienda mberi. Munoda kuva vanhu vakapfava vakadzikama. Munoda kuzvininipisa muchienda kwaAnenge achikutungamirirai.

164 Kana vanhu vakataura chimwe chinhu, hazvina mhosva kuti chinotaridzika zvakanaka sei, uchasiya mvumo dzako dzokutaura pamusoro pomuvakidzani wako. Uchazotaura, pamusoro paJesu. Uchazoita zvinhu zvakanaka. Hauchaendi kunze semhondi. Hauchaendi kundodenha vanhu vasina mhosva. Asi uri kuona humhare hwamaKristu chaivo, uye uri kuda kufanana navo. Hapana waunozoudza kuti uri muKristu, kana uri, vanozviona pavanokuona uchitaura. Wakasimbiswa kunze nomukati.

165 Zvino, pamuri kuzvininipisa mumwoyo yenyu, tendeukai iko zvino. Taurirai Mwari kuti "muno hurombo," uye "hamuchazozviiti zvakare," uri "kunyara" nezvawakaita, nenzira yawakazvibata nayo. Zvino ndichazokunamatirai. Uye ndinotenda, pakarepo, rugare ruchauya mumwoyo yenyu, rugare rwakaita sorwizi ruchauya ruchiyerera mumwoyo yenyu. Unogona kunge usiri kuita ruzha, unogona kunge usiri kutaura nendimi, unogona kunge usiri kusvetuka; asi uchibva paartari une Chimwe chinhu mauri. Chimwe chinhu chichaita kuti umire nomuchinjikwa pose paunenge uchirarama. Zvino namatai, sezvandiri kuita. Reururai.

166 Baba vedu vokumusoro kuDenga. Tiri vanhu vasingakodzeri, mumba muno, muri kupisa mangwanani ano, mumba mokutongwa; asi, Mwari, Makamira panzvimbo yedu. Mweya Mutsvene wauya, ukaudza vanhu kuti vanga vachitadza. Vanga vari muzvivi. Mweya yavo yanga yakasindimara. Vakaita hasha, makuhwa, vanoziva zvose, vasingadi kutendeuka, vasingadi kuregerera vanhu vakavatadzira. Vanga vasingadi kuzviita, asi nhasi Mweya Mutsvene watora Shoko raMwari Ukariisa mumwoyo yavo yakapfava, ukati, "Zvino unoda here kudzokera panzvimbo yawaimbova pawakatanga kuuya paartari, kudzoka pana vamwe vose, uchida munhu wose, uye uchindida Ini norudo rusingaperi? Zvino simukai muuye kuartari." Vabvuma, Ishe.

167 Zvino, ndinonamata kuti Muchenese pfungwa dzavo, Ishe, chenesai mwoyo yavo muvapfavise nokuvapa rugare. Dai

vakasimuka paartari zvino, mushure mokunge vatendeuka, vachipira hupenyu hwavo kwaMuri, vadzokera kudzimba dzavo. Hazvina mhosva kuti chii chinoitika, kana murume akatsamwa, kana mudzimai wavo akatsamwa, kana muvakidzani wavo akatsamwa, kana mumwe munhu wavari kushanda naye kana kuwadzana naye, "Ndicharamba ndakapfava senjiva."

168 Zvakare, Kutsiva ndoKwangu, "Ini ndichatsiva ndizvo zvinotaura Ishe." Takaona kuti ichokwadi, Ishe. Mira wakanyarara, pfava, ona Mwari achitora . . . achiuya kugwayana raKe. Chokwadi, zvechokwadi. Mufudzi uyu akanaka akapa Hupenyu hwaKe nokuda kwavo, Akauya kumakwai Ake. Uye Achaatungamirira. Nhamo kuno uyo anovakanganisa! Nhamo kuno uyo anotaura shoko rimwe rinopesana navo! Akati, "Zviri nani kuti asungirirwe guyo muhuro make, akandwe mugugwa rakadzika. Nokuti Ngirozi dzavo dzinogara dzichiona chiso chaBaba Vangu vari kumusoro kuDenga." Maona? O-o Mwari, tinoda . . . "Zvino sezvaMunoita kwavari, munozviita kwaNdiri."

169 Zvino, Mwari, ndinoda kuva munhu akapfava. Ndinozviisa paartari, zvakare, mangwanani ano; kwete mangwanani ano, asi mangwanani oga oga nezuva roga roga. Ndinoda kuva ndakanyarara uye ndakapfava, ndive saJesu. Zviitei, Baba. Tibatsirei kuti tive vakadaro iko zvino, dai rudo rukayerera mumwoyo yedu.

Peace! Peace! Wonderful peace,
Coming down from the Father above; (Hamusi kuRunzwa here mumwoyo yedu?)
. . . over my spirit forever, (Hareruya! Hareruya!)
Peace! Peace! Wonderful peace!

170 Hanzvadzi Gertie vati ndiudze chechi yose kuti vari kunzwa kupomerwa, zvakare, asi vari kuita artari papiyano. Artari, piyano ndiyo artari yavo, vati, "Ndiudze chechi kuti ivanamatire," pavakagara ipapo misodzi ichidonha pasi pamagirazi avo. Purupiti ino ndiyo artari yangu. Ndiri kutendeukavo, zvakare, Bhaibheri rangu rakanyorova. O-o Mwari!

Peace, peace of God!
Coming down from the Father above; (O-o, hareruya)
. . . over my spirit forever.

171 Mwari, kana ndakatadzira mumwe munhu, ndakatadzira Imi, ndiregererei, Ishe. Bvisai chivi ichi muchechi yangu duku mangwanani ano.

172 Vangani vari kunzwa kuti Mwari avaregerera, uye Njiva yorugare yagara pamwoyo yavo zvakare? Yabhururuka ichidzoka zvakare iko zvino, ikatora nzvimbo Yayo. Mweya

Mutsvene wafamba ukati, "Mwana wangu, ndanga ndichiedza kukuda nguva yose. Wanga usingaNditenderi kuti ndizviite. Handikwanisi kugara nomweya wako wakare unonyima. Asi iko zvino nokuti wauramba, ndadzoka zvakare mumwoyo mako mangwanani ano." Vangani vanonzwa kudaro, simudzai maoko enyu? Simudzai maoko enyu, zvakanaka, mose muri paartari. O-o, zvakanaka. Vangani vari muungano vanonzwa kudaro? Simudzai ruoko rwenyu. O-o! [Hama Branham vanoti kuna ari papiyano, "To be like Jesus"—Mupepeti.]

173 Baba vedu vari kuDenga, tinotenda Imi nenguva ino yokuzvipira kwakanyorova, sokutora apurosi muruoko, woripfanya, nokurikwiza, kusvika ranyorovera, rinonyorova zvokuti mwana muduku anokwanisa kuridya. Ndizvo zvatinoda kuti mwoyo yedu iite, Ishe. Torai namaoko eNyu akabayiwa nezvipikiri, muupwanye, muchiti, "Mwana, hausi kuona here kuti wakanga uchiNdirwadzisa? Wakanga uchiNdirwadzisa pawakaita hasha. Wakanga uchiNdirwadzisa, o-o, mwoyo Wangu wakarwadziwa mwana, pandakakuona uchiita izvo neizvo. Asi iko zvino ndava nomwoyo wako mumaoko Angu, ndinoda kuti unyoreve. Ndinoda kuugadzira ndigousevenzesa nokugara mauri. Ndinoda kudzokera panzvimbo yangu zvakare mangwanani ano, ndinoda kudzoka zvakare, ndiite hugaro Hwangu mauri." Zviitei, Mwari. TinoKudai. Zviitei, kuti Murumbidzwe. Tinozvikumbira muZita raJesu.

To be like Jesus, to . . . (Hamufariri kunamata saizvozvi here? O-o, mweya wangu uri kufara.)
On earth I . . . (Kumuona Achiuya mu—muvanamati saizvozvi, mwoyo yenyu hainzwi kupfava here? Mwoyo wangu uri kufara kwazvo.)
. . . journey from earth to Glory
I only ask to be like Him.

Mungasimudza here maoko enyu patiri kuimba?

To be like Jesus, to . . .
(Joe, unoda kuuya kuzonamata here mangwanani ano, hama? Mwari akuropafadze. Wana nzvimbo pano paartari, Hama Joe. Mwari akuropafadze, hama yangu.)
. . . journey from earth to Glory
I only ask to be like Him.

174 Ndinoziva kuti kuri kupisa, shamwari. Ndinoziva kuti kuri kupisa. Asi ini—ndinofunga kuti muri kunzwa samanzwiro andiri kuita. O-o, ndiri kunzwa kunge ndingabhururuka. Akanaka zvakadii! Ndingaitei? Ndingaenda kupi? O-o Mwari! Ndiri kuenda kupi? Ndakananga kupi? Zvichazova—zvichazova

sei? Ndichazovepi makore zana ari kuuya kubva iko zvino? Zvino kana ndisina Iye? Ndokupi, kumwe kune hutiziro?

> From Bethlehem's manger came forth a Stranger,
> On earth I long to be like Him;
> All through life's journey from earth to Glory
> I only ask to be like Him.

Tose pamwe chete zvino.

> To be like Jesus . . . (Mwari ngaarumbidzwe! Hongu, Ishe! Hongu, Ishe! Kwete senyika; asi Semi!)
> . . . to be like Him;
> All through life's journey from earth to Glory
> I only ask . . .

175 Takakotamisa misoro yedu, ndichakubvunzai chimwe chinhu. Pano mumwe munhu pano ari kuchemedza Mweya Mutsvene. Pano mumwe munhu adanwa. Ndiri kutaura izvi muZita raShe Jesu, somuprofita Wake. Ndiri kunzwa mwoyo Wake uchirwadziswa. Kunze uko, pano mumwe munhu asina kuMuterera, anga achifanira kuuya. Haungauyi here iko zvino?

> All through life's journey from . . . (Hongu, hanzvadzi, asi pane vakawanda kudarika iwe) . . . Glory
> I only ask to be like Him.
>
> Just to be like Jesus . . . (Ndicho chishuvo changu, kunyorova kuzvideredza, nokuzvininipisa, saIye)
> On earth I . . . (Haungauyi here iko zvino? Mwari anoda kukuona uchiita chimwe chinhu, pana vakawanda venyu)
> All through . . .

176 Ndanga ndichiziva kuti muchauya. Mwari akuropafadze. Mwari akuropafadze. Mwari akuropafadze. Ndizvo. Ndizvo. Ndatarisa muungano, ndikaona mumvuri mutema wakaipa wandati ndamboona. Mweya Mutsvene uri pano iko zvino. Uri pandiri iko zvino. "Kuchemedza Mweya Mutsvene."

> To be like Jesus . . .

177 Chii chaAita? Aaenda kwaatungamirirwa naBaba. Mwari akuropafadze, hama. Mwari akuropafadze, hama yangu. Ndizvo, fambai muchienda pamberi mundogwadama.

> On earth I long . . .

178 Zvino yava nguva yokutendeuka chaiko kwakare, kutwasanuka, kugadzirisa zvinhu. Uyai. Ndichiri kunzwa kuti muna vakawanda imomo. Mwari akuropafadze, mudzimai. Mwari akuropafadze, mudzimai. Mwari akuropafadzei. Mwari

akuropafadzei. Mwari akuropafadzei. Ndizvo. Mweya Mutsvene haurevi nhema. Uyai. Ndizvo, uyai.

> Him, to be like Jesus, to be like, yes, Jesus,
> On earth I. . .(O, ini zvangu, ndizvo! Ndiyo nzira, zadzai pamberi pano apa, uyai kuno munamate)
> Through life's journey from earth to Glory,
> (Tendeuka, udza Mwari kuti uno hurombo, ndizvo zvaunofanira kuita)
> . . .to be like Him.

179 Ndinoda kuti murambe muchiuya zvino. "Ku. . . " Ndizvo, sunungukai, uyai. "Kuva. . . "

180 Muchazoitei? Ndiani achazomira panzvimbo yenyu, zvichida husiku huno? Ndiani achazomira panzvimbo yako kana rufu rwasvika? Hazvina mhosva kuti wakaitei, Mweya Mutsvene wakagara pedyo newe. Ndiwo Uri kuda uuye.

All through life's journey from earth to Glory

181 Tendeuka, taura kuti, "Mwari, ndino hurombo. Ini—handingadi kudaro. Hamuzomiri panzvimbo yangu kana ndikasamira panzvimbo yeNyu iko zvino. Zvino ndinoda kuti Mumire panzvimbo yangu, zvino ndakamira panzvimbo yeNyu kubva nhasi. Ndichararama sezvinofanira kuita muKristu. Ndichashandura nzira dzangu. Ndichapfava uye ndichadzikama. Ndicharega vamwe vanhu vachitaura zvinhu zvavo, zvose. Ini ndichararama ndakanyorova ndakadzikama pamberi peNyu." Hazvina mhosva kuti wanga uri muKristu kwenguva yakareba zvakadii, kuti uri wechechi ipi, hazvina chokuita nazvo. Uyai. Mwari akuropafadzei. Uya kuno, mwana.

182 Mwari ari kutaura nemi iko zvino. Kana muchitenda kuti ndiri muranda waKe, Mweya Mutsvene wataura neni mangwanani ano, wati, "Dana vanhu, kuna vakawanda varipo." Nhasi ndiro zuva racho, ndiyo nguva yacho. Pana vanhu vashanu kana vatanhatu kumashure uko, vanofanira kunge vauya iko zvino. Rangarirai, hama, hanzvadzi, ndiri kukuonai, ndiri kuona mumvuri wakasviba uri pamusoro penyu. Zviri nani kuti muuye.

183 Kuva saJesu! Haudi kuva saIye here, kupfava, kudzikama, kunyorova, kuzvininipisa? Mwari akuropafadze, murume wechidiki. Mwari akuropafadzei, baba vano mwana. Mwari akuropafadzei, hanzvadzi. Mwari akuropafadze, shamwari mutadzi. Ndizvo. Uyai, hanzvadzi, uyai kuno, zviwanirei nzvimbo. Mwari akuropafadzei.

184 Hanzvadzi inodikanwa, une zvakawanda zvaunofanira kutenda pamusoro pazvo. Wanga wakarara pamubhedha, uchifa, zvino uri pano uchifamba uchiuya paartari. Mwari aropafadze mwoyo wako wakanyorova.

185 Mweya Mutsvene uri kutaura zvakare iko zvino. Tendeukai, chemai kuna Mwari, itai munamato wenyu moga. Ndimi makatadza, zvino ndimi munofanira kunamata. Taurirai Mwari kuti muno hurombo nezvamakaita. Musava nehanya yokuti ndiani ari pedyo nemi. Taurai kuti, "Mwari, ndiregererei, ndanga ndisingadi kudaro. Ndinoda kuva munhu akapfava. Handichazo—handichazoshatirwi kana kuita nharo zvakare."

186 O-o Mwari, o-o, ndinozvida sei! Baba vari kuDenga, kune mumwe nomumwe ari paartari, vari pamabvi avo, vari kunamata! O-o Mwari, vana mai vangu, vana baba, vana, madzibaba, namadzimai, navamwe vakawanda, vavakidzani, nhengo dzomuchechi, madhikoni, vabati vehomwe, O-o Mwari, panguva ino yokuumbwa zvakare, ndakagara mumba ino inopisa mangwanani ano, Mweya Mutsvene uchiuya, uchitaura rugare. O-o Mwari, ndinoda kuzomira nezuva iroro ndichiKunzwai muchiti, zvakapfava, "Hongu, wakauya ukamira panzvimbo Yangu, zvino ndichazomiravo panzvimbo yako." Ndinoda kuti Imi muise rugare mumwoyo wose uri pano nhasi, Mwari. Chinyararire zvakapfava, ndinoda kuti Muzviite. Ndinoda kuti Imi mufambe mavari namanzwiro okuti haazovasiya zvakare, kubva nhasi zvichienda mberi. Dai dzimba dzikava itsva. Dai vanhu vakava vatsva. Dai zvinhu zvose zvikava zvitsva nhasi, nokuti vanhu ava vazvininipisa. Makati, "Kana vanhu vanodanwa neZita Rangu vakazvininipisa, vakanamata, ndichanzwa kubva kuDenga." Zvino ndinoziva kuti Manzwa, mangwanani ano, Mwari.

187 Zvino ndinonamata kuti muregerere avo varamba vakagara pasi, vanga vachifanira kuuya. Mwari, taurai navo, uye dai vakasava norugare zvakare panyika kusvikira vaita sarudzo iyi, Ishe, yokuuya kuzogadzirisa hupenyu hwavo Nemi. Zviitei, Ishe. Ropafadzai mumwe nomumwe wavo zvino. Dai hunyoro hweNyu netsitsi dzeNyu zvagara pamunhu wose ari muchechi muno mangwanani ano.

188 Mwari, Baba, ndaita izvi nokuraira kweNyu. Ndadana vanhu ava; vakamira. Makati, "Uyo anoNdipupura pamberi pavanhu, ndinozomupupuriravo pamberi paBaba Vangu naVatumwa vatsvene." Vazhinji vavo vanga vari maKristu kwamakore, asi vakamira mangwanani ano vachipupura kuti vakakanganisa. Vakava vanhu vasina rudo. Mweya Mutsvene wakanga wabva pavari. Uye nguva dzakawanda vakanga vasinganzwi hunyoro, kutapira, hunyoro hwavanofanira kuva nahwo. Vazhinji vavo vatadzi vauya kokutanga. Asi, Baba, vanoda manzwiro akanaka aya, rugare rinodarika kunzwisisa kwose. Vapei nhasi, Ishe Mwari, uye dai vose pamwe chete vava norudo vazara noMweya weNyu, pavanobva panzvimbo ino nhasi, pavanoenda kudzimba dzavo dzakasiyana, kundorarama hupenyu hwakasiyana nokuva vanhu vakasiyana. Izvi tinozvikumbira muZita raKristu.

189 "Pane Nzvimbo Patsime." Zvakanaka, imi muri paartari, simukai, tarisai kuna Mwari Ishe, tendeukai mukwazisane maoko nomunhu ari pedyo nemi. O-o, tava kuzoimba, munhu wose zvino, patava kumira tisati tanamatira vanorwara.

Room, room, yes, there is room,
There's room at the Fountain for thee;
Room, room, yes, there is room,
There's room at the Fountain for thee. (Munhu wose!)

Room, room, yes, there is room,
There's room at the Fountain for thee;
Room, room, yes, there is room,
There's room at the Fountain for thee.

Room, room, yes, there is room!
[Hapana chinhu patepi—Mupepeti.]

190 Kutenda! Munoziva rimwe here zuva, hama, mudzimai wenyu—paakandidana, kuti anamatirwe? Ndakaenda mumba, zvino Mweya Mutsvene ukataura kwandiri kuti, "Usatya." Ameni. HaAsi wechokwadi here? Zvakanaka sei! Zvino, Ishe ngaarumbidzwe! Ndiri kunzwa sokunge ndichaita ruzha rwokukunda! Zvakanaka.

And His Blood washes whiter . . . (Mune chokutaura here tisati)
Jesus saves!

191 Zvakanaka, Hama Neville zvino. Uye Hama Slaughter vane zvavanoda kutaura here. [Hama Slaughter—Mupepeti.] Rumbidzwai Ishe! [Hama Neville vanoti, "Ndinotenda kuti munhu wose agamuchira mangwanani ano. "] Mwari ngaarumbidzwe! Hareruya! Hareruya! [Hama Neville vanotaura, uye vozoti, "Rangarirai musangano husiku huno, tine chirairo nokugezesana tsoka." Vanobvunza Hama Branham, ["Munoziva here kuti muchange muri pano?"] Zvichida ndichange ndiri pano husiku huno, zvakare. Hongu, sokuziva kwangu, kusiya kokunge ndadanwa kune imwe nzvimbo.

Chechi Uye Chinhanho Chayo SHO56-0805

(The Church And Its Condition)

The Church series

Mharidzo iyi na William Marrion Branham, yakaparidzwakwokutanga ne Chirungu Svondo mangwanani, Nyamavhuvhu 5, 1956, pa Branham Tabhenakiri ku Jeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva pa tepi yaka rhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©1993 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org